63.3
Б 27



Қ. БАЙНИЯЗОВ

# АЛЛАЯР ДОСНАЗАРОВ

„КАРАКАЛПАКСТАН"

63.3(24
Б 27

**Байниязов Қ.**
**Аллаяр Досназаров:**
Илимий-биографиялық очерк.
—Нөкис: Қарақалпақстан, 1987 – 80 бет

Қ. Байниязовтың бул мийнетинде Қарақалпақстанның белгили партия ҳәм мәмлекет искери Аллаяр Досназаровтың өмир жолы ҳәм хызмети бай архив материаллары жәнe заманласларының еске түсириўлери негизинде исенимли түрде ашып көрсетиледи.

20—30-жылларда Аллаяр Досназаров пүткил союзлық көлемде қарақалпақ халқының ўәкили сыпатында кеңнен танылды. Орта Азияда мәмлекетлик шегараларды белгилеў ўақтында оның шөлкемлестириўшилик ҳәм ораторлық уқыплары айқын көринди.

Бул мийнет китап оқыўшыларының кең топарына арналған.

Рецензентлер:
Академик
**М. К. НУРМУХАМЕДОВ,**
**Филология илимлериниң кандидаты**
**С. БАҲАДЫРОВА,**
**Тарийх илимлериниң кандидаты**
**У. ҚАЛНИЯЗОВ.**

Б $\frac{0505040000-037}{М-357\ (04)-87}$ 7–87

© «Қарақалпақстан» баспасы, 1987

## ҚИРИСИЎ

Қарақалпақ халқының миллет болып биригип, өзиниң мәмлекетин дүзиў ушын умтылған ҳәрекетлери тийкарынан көркем әдебият шығармаларында айқын сәўлелениўин тапты. Өйткени, Уллы Октябрь социалистлик революциясына шекем халықтың кең қатламы ғалаба саўатсыз болғанлықтан қарақалпақлар өзлериниң жазба тарийхына ийе емес еди. Бул жағдай совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларына да характерли болып, мийнеткеш халық Әмиўдәрьяның төменги жағаларында жаңа социалистлик дүзимди орнатыўға ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областын дүзиўге белсене қатнасқан дәслепки революционерлер менен партиялық-мәмлекетлик ғайраткерлер ҳаққында көп санлы әпсаналар менен қосықлар дөретти. Сонлықтан бул тарийхый искерлер тек дәўирдиң қаҳарманлары ғана болып қалмай, олар көркем шығармалардың да қаҳарманларына айланып кетти. Советлик дәўирдеги аўыз еки әдебиятымыздың усындай нусқаларын ҳәм қарақалпақ халық шайыры Аяпберген Муўсаевтың «Бола баслады» шығармасын архив дәреклерине салыстырып изертлеўим көрнекли партиялық-мәмлекетлик ғайраткер, РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров ҳаққында усы китапшаны жазыўыма қозғаў салды.

Жаңа дәўирдиң гүресшең азаматы ҳәм көркем шығармалардың унамлы қаҳарманы болған Аллаяр Досназаровтың туўылып өскен жәнe оны атақлы партиялық-мәмлекетлик ғайраткер етип жетилистирген орталықты дурыс түсиниўимиз ушын биз көп жыллар даўамында Москва, Уфа, Нөкис қалаларындағы орайлық мәмлекетлик архивлеринде ислеп, зәрүрли документлерди үйрендик. Әмиўдәрьяның төменги жағаларында Совет ҳүкиметин орнатыўға ҳәм Қарақалпақстан автономиялы

областын дүзиўге белсене қатнасқан кексе коммунистлер, граждан лар урысы ҳәм мийнет ветеранлары менен ушырасып, олардың еске түсириўлерин жазып алдық.

Аллаяр Досназаровтың ағайин-туўысқанлары менен оны жақсы билетуғын заманласларының бул еске түсириўлери 20—30-жылларға тийисли болған әҳмийетли архив ҳәм баспа сөз дәреклерин излеп табыўымызға әдеўир жәрдемин тийгизди.

Тазадан табылған усындай материалларды дурыс баҳалаўда ҳәм оларды илимий айланысқа түсириўде Өзбекстан Илимлер академиясының академиклери М. К. Нурмухамедов, С. Қ. Камалов, тарийх илимлериниң докторы, профессор Қ. Б. Мухамедбердиев, экономика илимлериниң кандидаты Қ. Р. Рзаев, тарийх илимлериниң кандидатлары У. Қ. Қалниязов, Ж. Ү. Үббиниязов, Х. Е. Есбергеновлар бизге өз ўақтында зәрүрли мәсләҳәтлерин берип турды. Қарақалпақстан АССР ының тарийхын жетик билетуғын усындай қәниге илимпазлардың қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде биз гейде жекке өзимиз, гейде басқа авторлар менен бирликте Аллаяр Досназаровтың партиялық-мәмлекетлик хызмети ҳаққында бир қанша мақала жазып, оны баспа сөзде дағазаладық[1].

Қарақалпақстан АССР ының атақлы партиялық-мәмлекетлик ғайраткери Аллаяр Досназаровтың өмири ҳәм гүрес жолы соңғы жыллары заманласларының еске түсириўлери менен бир қанша илимий мийнетлеринде де тийисли дәрежеде сөз етиле баслады.[2]

Аллаяр Досназаровтың тарийхый ўақыяларға бай өмири жазыўшыларымыздың дыққатын бәрҳәма өзине тартып киятыр. Қарақалпақстан автономиялы областын дүзиўдеги оның көрсеткен ерлик хызметин халық шайыры Аяпберген Муўсаев әдебиятымыз тарийхында биринши мәртебе «Бола баслады» шығармасында күтә шебер тәрийплеги (Муўсаев А. «Биринши май», Нөкис 1980-жыл). И. Юсупов «Қарақалпақ ҳаққында сөз. Октябрь поэмасы»нда қарақалпақ совет әдебиятының баслаўшысы Аяпберген шайырдың бул жақсы дәстүрин алға раўажландырып, Аллаяр Досназаровтың образын кеңирек планда жасаўға ҳәрекет етти (Юсупов И. «Дәўир самаллары», Нөкис, 1982-жыл). Ал, Жолмурза Аймурзаев «Досназаровшылар» қосығында қарабуғалы салыкешлердиң кешеги ҳәм бүгинги турмысын салыстырмалы усылда сүўретлеп, атақлы жерлесин мақтаныш пенен еске түсиреди (Аймурзаев Ж. «Досназаровшылар»—«Совет Қарақалпақстаны» 1981-жыл, 12-ноябрь). Аллаяр Досназаровтың өмир жолын драматурглардан К. Рахманов «Ел перзенти» телеспектаклинде, Т. Сейтжанов ҳәм А. Қайыпов «Әрман жолында» видеофильминде толығырақ көрсетиўге нийет еткен болса, Қарақалпақстан АССР ының халық художниги Қ. Бердимуратов оның скульптуралық портретин жасап шықты. Биз «Аллаяр Досназаров» атлы илимий-биографиялық очеркимизде бул көркем шығармаларды тарийхый-салыстырмалы усылда анализлеп, олардың жетискенликлери менен кемшиликлерин сөз етиўди мақул көрдик.



Аллаяр Досназаров—қарақалпақ халқының садық перзенти, өз дәўириниң алдыңғы қатар азаматы. Оның өмир ҳәм гүрес жолы Қарақалпақстан мийнеткешлериниң ҳәммесине ортақ болып, жарлы дийхан семьясында туўылып өсти ҳәм жоқшылықтың, жалланбалы мийнеттиң барлық аўырманшылықларын басынан кеширди. Бул жағдай келешекте оның саналы гүресшең болып қәлиплесиўине унамлы тәсийрин тийгизди. Аллаяр Досназаров Октябрь социалистлик революциясының жеңисин биринширлер қатарында шын кеўилден күтип алды җәне Хорезм ойпатында Совет ҳүкиметин орнатыў ҳәм беккемлеўге белсене қатнасты. Принципиаль коммунист, өз халқының садық улы болған А. Досназаров Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў дәўиринде өзиниң үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбы, шешенлик таланты менен союзлық көлемде кеңнен танылды.

Қарақалпақ халқының бир миллет болып қәлиплесип, бир сиясий-административлик орайға бағыныўын ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўин сөз еткенде биз көсемимиз В. И. Лениниң мийнетлерин, Совет ҳүкиметиниң қабыл еткен қарарларын бәрҳәма басшылыққа алдық.

XIX әсирдиң ақыры ҳәм XX әсирдиң басларында буржуазия социологлары қарақалпақ халқының келешектеги тәғдири ҳаққында кеўилсиз болжаўлар айта баслады. Олардың базыбиреўлери 1905-жылғы Россия империясында жүргизилген халықтың санын есапқа алыўдың жуўмақларына қарап, билимлендириўдиң ҳә-

зирги өсиў дәрежеси бойынша Орта Азия халықларының толық саўат ашыўы ушын тағы да 4600 жыл керек болар еди,[3]—деп жазған болса, француз илимпазы Элизе Реклю өзиниң «Азиялық Россия ҳәм Орта Азия ханлықлары» атлы көлемли мийнетинде; «Барлық шамалаўларға қарағанда, бул аз санлы, күш-қуўатынан айрылған күтә кишкене халық енди бир неше әўлад өткеннен кейин Түркстанда өз алдына жасаў имканиятына ийе бола алмайды»,[4]—деп тастыйықлаған еди.

Өзиниң сиясий көз қарасы бойынша Элизе Реклю анархист болып, ол қарақалпақ мийнеткешлериниң үстем классларға жек көриўшилик сезимин ҳәм олардың азатлыққа талпыныў ҳәрекетлерин көре алмады. XX әсирдиң биринши ширегинде жүзеге келген тарийхый ўақыялар буржуазия социологларының жоқарыда айтылған болжаўларының күл-талқанын шығарды.

Бизиң елимизде Октябрь Социалистлик революциясының жеңиске ерисиўи ҳәм ленинлик миллет сиясатының табыслы әмелге асырылыўы нәтийжесинде қарақалпақ халқы тарийхта биротала қырылып жоқ болып кетиў қәўпинен қутылды және Совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларында-ақ социалистлик миллет болып қәлиплести. Қарақалпақ миллетиниң ўәкили Аллаяр Досназаров 1922-жылы 30-декабрьде СССР дың дүзилиўине бағышланып Москва қаласында өткерилген салтанатлы мәжилиске ҳәм 1924-жылы 14-октябрьде Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң екинши сессиясына делегат болып қатнасты және өз ана тилинде сөйлеў имканиятына ийе болды.



## В. И. ЛЕНИН ҲӘМ ОРТА АЗИЯДА МИЛЛИЙ-МӘМЛЕКЕТЛИК ШЕГАРАЛАРДЫҢ БЕЛГИЛЕНИЎИ

Орта Азияда союзлық ҳәм автономиялы республикаларды дүзиўдиң инициаторы пүткил дүнья мийнеткешлериниң уллы көсеми В. И. Ленин болды. Егер ол 1917-жылғы VI апрель конференциясында миллет мәселеси бойынша шығып сөйлеген сөзинде: «Бизлер барлық халықлардың туўысқанлық аўқамын дүзиўди қәлеймиз», деп көрсеткен болса, 1917-жылы 2-ноябрьде қабыл етилген «Россия халықларының ҳуқықлары ҳаққында декларация»да:

«1. Россия халықларының теңлиги ҳәм суверенлиги;

2. Россия халықларының ажыралып шығыў ҳәм өз мәмлекетин дүзип, өз тәғдирин өзи белгилеў;

3. Барлық ҳәм ҳәр қандай миллетлик, миллетлик-диний артықмашлықлар менен шеклениўлерди бийкарлаў;

4. Россия территориясында жасаўшы аз санлы миллетлердиң ҳәм этнографиялық группалардың еркин раўажланыўын тәмийинлеў,—белгиленди.[6]

1917-жылы 2-ноябрьде Совет ҳүкиметиниң қабыл еткен «Россия ҳәм Шығыстың ҳәмме мийнеткеш мусылманларына» атлы үндеўинде: «Ҳәзирден баслап сизлердиң миллий ҳәм мәдений мәкемелериңиз азат және ҳеш ким тәрепинен қол қатылмайды. Сизлер өзлериңиздиң миллетлик турмысларыңызды еркин ҳәм ғәрезсиз түрде дүзе бериңлер. Сизлер буған ҳуқықлысыз. Сизлердиң ҳуқықларыңыз Россиядағы барлық халықлардың ҳуқықлары сыяқлы революцияның гүллән күш-қуўаты ҳәм оның органлары—рабочий солдат ҳәм дийхан депутатларының Советлери тәрепинен қорғалады»[7]—деп көрсетилген болса, В. И. Ленин 1921-жылы 14-октябрьде «Октябрь революциясының төрт жыллығына» атлы мақаласында: «Бизлер рус емес барлық миллетлерге өзиниң жекке республикаларын ямаса автономиялы областьларын бердик»,[8] – деп жазған еди.

Ҳақыйқатында да СССР дүзилген ўақытта елимиздиң батыс бөлегинде РСФСР, УССР, БССР, ЗСФСР усаған төрт союзлық республика, онлаған автономиялы республика ҳәм бир неше онлаған автономиялы областьлар менен миллий округлер бар еди. Енди Орта

Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў зәрүрлиги күн тәртибине қойылды.

В. И. Ленин Орта Азияда совет республикаларын дүзиў мәселесин қунт пенен үйренип шықты. Ол бул региондағы халықлардың сиясий ҳәм социаллық раўажланыў дәрежесин нәзерде тутып, Т. Рысқулов, Н. Хожаев ҳәм Бек-Ивановлар составындағы Түрк-комиссиясының проектине өз қолы менен 1920-жылы 13-июньде күтә әҳмийетли өзгерислерди киргизди ҳәм:

1. «Түркстанды Өзбекстан, Қырғызстан ҳәм Түркменстанға бөлген (этнографиялық ҳәм басқа) картаны дүзиў тапсырылсын.

2. Бул үш бөлимниң қосылыўы ямаса бөлиниўиниң шәртлери пуқта үйренилсин»,[9]—деп буйрық берди.

В. И. Ленин «Ҳәр бир миллеттиң раўажланыў басқышына, оның уқыбына ҳәм соған усағанларына муўапық оның айқын мәселелери»[10] болатуғынын және бул мәселелерди ҳәр тәреплеме изертлеп болмай турып, «Түркстан республикасын үш бөлимге бөлиў жумысын ўақтынан бурын асығыслық пенен шешиўге болмайтуғынын» бир неше мәртебе ескерткен еди.

Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ушын Түркстан үлкесинде Октябрь революциясының жеңислерин беккемлеў, совет ҳүкиметин күшейтиў, ишки ҳәм сыртқы контрреволюциялық күшлерди қыйратыў, мийнеткешлердиң кең қатламын мәмлекетлик қурылыс исине тартыў, жергиликли миллетлердиң экономикасы менен мәдениятын раўажландырыў, өз халқының турмысын ҳәм миллий дәстүрлерин жетик билетуғын интеллигент кадрларды таярлап шығарыў зәрүр болды. 1917—1924-жыллар ишинде Коммунистлик партияның даналық жол басшылығы астында патша Россиясының бурынғы шеткери үлкеси болған Түркстанда бундай әҳмийетли мәселелер табыслы түрде шешилди ҳәм Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ушын қолайлы жағдайлар дүзилди. 1921—1923-жыллардa В. И. Лениниң тапсырмасы бойынша Орта Азия республикаларының ҳәр қыйлы жерлерине халықтың этникалық составын изертлеў ушын илимий экспедициялар жиберилди. Оларға қатнасқан илимпазлар жергиликли халықлардың миллий өзгешеликлерин



жасаған географиялық орталығын ҳәм шегараларын анықлап, районларға бөлиў исинде көп жумысларды орынлады. Олар тәрепинен таярланған күтә баҳалы материаллар менен этнографиялық карталар Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәҳәлинде кеңнен пайдаланылды.

1924-жылы 31-январьда РКП(б) Орайлық Комитетиниң мәжилиси болып, онда Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды өткериў мәселеси додаланды ҳәм Түркстанда болған ўақтында бул мәселени ҳәр тәреплеме үйренип шығыў ўазыйпасы Я.Э. Рудзутаққа тапсырылды. РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азиялық бюросы бул иләждың әҳмийетин халыққа ҳәр тәреплеме тереңнен түсиндириў мақсетинде барлық жерлерде—аўыллар менен волостьларда, округлар менен областьларда мәжилислер өткерди, оларға жергиликли миллетлер болған өзбек, қазақ, түркмен, қырғыз, қарақалпақ дийқанлары ҳәм рабочийлары, интеллигентлери белсене қатнасты, мийнеткеш халық массасы Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў зәрүрлигин бир аўыздан мақуллады. Ақырында бул мәселе пүткил Бухара ҳәм Хорезм республикалары Советлериниң V съездлеринде, Түркстан АССРы Советлериниң гезексиз III сессиясында кең түрде талқыланып, бул мәжилислерде Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды өткериў ҳаққында қарар қабыл алынды. 1924-жылы 14-октябрьде Р. Исламов Түркстан АССР Орайлық Комитетиниң гезексиз III сессиясының тапсырмасы бойынша Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң XI шақырық II сессиясында Орта Азия Республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ҳаққында доклад жасады.

Қазақстан республикасынан Сәкен Сейфуллин, Қара қалпақстан автономиялы областынан Аллаяр Досназаров, пүткил Бухара Советлериниң V съезди атынан Файзулла Хожаев докладты додалаўға қатнасты.

1924-жылы 27-октябрьде Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң II сессиясы Пүткил Хорезм ҳәм Пүткил Бухара Советлериниң V құралтайларының, Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ҳәм жаңа совет социалистлик республикалары менен область-

ларды дүзиў ҳаққында өтинишлерин қанаатландырды. Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң бул қарары менен Өзбекстан Совет Социалистлик Республикасы, Түркменстан Совет Социалистлик Республикасы, Қазақстан АССР ының составында Қырғыз ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областьлары дүзилди.[12]

## АЛЛАЯР ДОСНАЗАРОВТЫҢ ПАРТИЯЛЫҚ ҲӘМ МӘМЛЕКЕТЛИК ХЫЗМЕТИ

Орта Азияда союзлық республикалар менен автономиялы областьлардың дүзилиўи аңсатлық пенен шешиле қойған жоқ. Ҳәр қыйлы қарсылықларға ушырады. Мәселен, 1924-жылы март айында Хорезм республикасы партия-совет хызметкерлериниң мәжилиси болып, онда Хорезмде миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселеси мақсетке муўапық деп табылған болса, соңынан гейпара басшы хызметкерлер бул пикиринен бас тартты. 1924-жылы 8-майда Хорезм Компартиясы Орайлық Комитетиниң секретары Қәлендер Адинаев, ХССР дың ишки ислер министри Абдусаламов, ХССР дың Ташкент қаласындағы бас консулы Якубов ҳәм ХССР Госпланының председатели Шулимовлар РКП(б) Орайлық Комитетине хат жиберди ҳәм онда өзбек, қарақалпақ, түркмен халқын өз алдына республика етип дүзиўдиң кәжети жоқ, олар бурынғы қәлпинде Хорезм республикасының составында қала бериўи керек, ал Түркстан АССР ының Әмиўдәрья областын Хорезмге қосып бериў шәрт, деген талапты қойды. Солай етип, олар 1873-жылға шекемги Хийўа ханлығының бурынғы территориясын қайта тиклеўге урынды[13].

Қоңсылас республикалардың миллий-шовинистлик көз қарастағы гейпара басшы хызметкерлериниң бундай унамсыз ҳәрекетлери қарақалпақ халқының бир миллет болып биригиў тилегиниң иске асыўын әдеўир қыйынластырады. Өйткени, бириншиден, олар қарақалпақлардың өз алдына миллет екенин мойынлаўдан бас тартса, екиншиден, Хорезм ойпатында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ҳаққындағы РКП(б) Орайлық Комитетиниң көрсетпелериниң өз ўақтында орынланыўына иркиниш жасады.

Хорезм республикасында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселесиниң усындай шийеленисип



турған бир дәўиринде қарақалпақ халқының даңқлы перзенти, дәслепки рабочий, Октябрь революциясы ҳәм гражданлар урысының актив қатнасыўшысы, белгили партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаров айрықша ерлик көрсетти. Оның өмир ҳәм гүрес жолы усы ўақытқа шекем бир қанша илимий мақалалар менен көркем әдебий шығармаларда көрсетилгенликтен биз бул мийнетимизде А. Досназаровты атақлы партиялық мәмлекетлик ғайраткер дәрежесине жеткерген орталық ҳаққында қысқаша тоқтағанды мақул көрдик.

1873-жылы Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги қарақалпақлар Россияға қосылғаннан кейин ол жерлердеги халықлардың турмысында үлкен социаллық ҳәм мәдений өзгерислер пайда бола баслады. Бул үлкеде бир қатар санаат кәрханалары, мәдений-ағартыў мәкемелери ашылды, жоллар, үлкен каналлар менен жапларға көпирлер салынды. Ири саўдагерлер орайлық қалалардан өтимли затларды әкелип сатып, Қарақалпақстан дүньялық базар айланысына түсип кетеди.

Бул кәрханаларда түрли миллет ўәкиллери бирге ислесип, өз-ара пикирлер алысады. Олар бир-бириниң турмыслық ҳәм гүрес тәжирийбесин үйренеди. Бул жағдай түрли миллет ўәкиллериниң бир-бирине жақынласыў процесин тезлетти. Қарақалпақстанда кем-кемнен капиталистлик өндирис қатнасықлары раўажланып, жергиликли миллет мийнеткешлери арасынан жалланбалы рабочийлар пайда болды. Олар Москва, Ленинград, Баку, Оренбург, Ташкент, Чаржаў усаған орайлық қалалардан келген алдыңғы қатар гүресшеңлердиң жәрдеми менен Россиядағы революциялық ҳәрекетлердиң барысынан өз ўақтында хабардар болып турды. Бул жағдайлар жергиликли рабочийлардың миллий ҳәм класслық сана-сезиминиң қәлиплесиўине унамлы тәсирин тийгизди. Олардың арасынан келешекте Қарақалпақстанда совет властын орнатыў ушын актив гүресшеңлер, социалистлик қурылыстың шебер шөлкемлестириўшилери, көрнекли партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткерлер өсип жетилисти.

Усындай атақлы партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткерлердиң бири 1918-жылдан Коммунистлик партияның ағзасы, қарақалпақ халқының даңқлы перзенти Аллаяр Досназаров болды.

Аллаяр Досназаров 1896-жылы Әмиўдәрья бөлими

Шымбай уездиниң Көкөзек волостына қараслы Тербенбес деген жерде гедей дийхан семьясында туўылды. Оның балалық ҳәм жаслық жыллары Қарабуға аўылында (ҳәзирги Қараөзек районының А. Досназаров атындағы совхозының территориясында) өтеди.

Аллаяр Досназаров дәслеп аўыллық ески мектепте оқып саўатын ашады. Бирақ ол кәмбағал болғаны ушын оқыўын даўам ете алмайды. Сонлықтан А. Досназаров күтә кишкене ўақтынан баслап киси есигинде күнликшилик етиўге мәжбүр болады. Ол әдеп Қарабуға аўылындағы жергиликли байлардың малын бағады ҳәм соңынан Шымбай қаласындағы татар, армян байларының от жаққышы, Қарақалпақстан территориясын изертлеў ушын келген инженер-геодезистлерде ўақытша рабочий болып ислейди. Бул оның туўылған үлкесин жақсы билиўине, рус тилин үйрениўине тийисли жәрдемин тийгизеди.

Жалланбалы мийнет алты жаны бар Аллаярдың семьясын жарытпады. Сонлықтан ол Әмиўдәрья бөлиминиң сол ўақыттағы санаат ҳәм административлик орайы болған Петро-Александровск (ҳәзирги Төрткүл) қаласына талап излеп кетиўге мәжбүр болады. Бул жерде А. Досназаров Рабилов деген байда малай, тоғай төресиниң үй хызметкери, аптека басқармасында ҳәм Әмиўдәрья бөлими басқарыўшысының кеңсесинде қараўыллық хызметлерин атқарады. Тарийх илимлериниң кандидаты Жумабай Үббиниязовтың анықлаўы бойынша, Аллаяр Досназаров 1910-жылдың 1- январынан 5-февралына шекем «Үлкен Ярослав Мануфактурасына» тийисли Ташаўыз пахта тазалаў заводында малашы болып ислеп, пахтаны ғозапаядан айырады ҳәм заводқа шана менен жүк тасыйды. Буннан кейинги дәўирде ол Үргениш ҳәм Хийўа қалаларындағы пахта тазалаў заводларында жалланба рабочий болып хызмет етеди. 1914-жылы биринши жер жүзилик урыс басланып, рус рабочийларының көпшилиги солдатлыққа мобилизацияланады. Санаат кәрханаларында ислейтуғын рабочий күши жетиспеўине байланыслы патша ҳүкимети жергиликли халықлардан мәрдикарға адам алыў ҳаққында қарар шығарады. 1916-жылы А. Досназаров Төрткүл қаласына қайтып келген еди. Жергиликли байлар оның қунын төлеп мәрдикарға жибереди.

1916-жылы Орта Азия ҳәм Қазақстан республикаларының көпшилик жерлеринде миллий-азатлық көтерилислери келип шығады. Бул көтерилислер империалистлик урысларға қарсы қаратылған рус пролетариатының революциялық ҳәрекетлери менен ушластырылады. Бул жағдайлардың ҳәммеси А. Досназаровтың класслық сана-сезиминиң өсиўине шешиўши тәсир жасап, оның саналы революционер болып қәлиплесиўине себепши болады. 1917-жылы февраль революциясынан кейин А. Досназаров өзиниң жолдаслары менен бирге мәрдикарлықтан азат етилди.

Ҳақыйқатында да А. Досназаров мәрдикардан қайтып келиўден-ақ жергиликли халықтың арасында революциялық пропаганданы жүргизиўге белсене қатнасады. Ол Октябрь Социалистлик революциясының жеңисин үлкен қуўаныш пенен күтип алады ҳәм Петро-Александровск (Төрткүл) қаласында дүзилген ықтыярлы қызыл гвардияшылар отрядына бириншилер қатарында ағза болып киреди. Мәселен, 1919-жылдың 2—7-апрельлеринде дүзилген документ бойынша Аллаяр Досназаров Биринши Хийўа революциялық батальонының екинши ротасында қызыл әскер болып хызмет еткен болса, екинши бир документте қызыл әскер Аллаяр Досназаровқа № 108264 бесатар ҳәм запасы менен 40 патрон берилди, деп көрсетиледи.[14] А. Досназаров бул қурал-жарақты революцияның душпанларын құртыў ушын шебер пайдаланды. Батальон комиссары Банички, рота комиссары Николаев революция исине шын берилген, саналы ҳәм шаққан пияда әскерлерден атлы әскерлер бөлимин дүзеди. Усыған байланыслы Аллаяр Досназаров 1919-жылдың октябринде кавалерия ротасына өткериледи[15] ҳәм 1919—1921-жыллар арасында Полтарацкий армиясының үшинши және төртинши полкларында хызмет етип, Қарақалпақстан АССРы, Хорезм ҳәм Ташаўыз областларының территориясын Жунайдхан нөкерлери менен Урал ақ казакларынан тазартыўда айрықша ерлик көрсетти.

Аллаяр Досназаров 1918—1921-жылларда Түркстан фронтында турақлы хызмет етиў менен бирге 1919-жылы Урал фронтында да қатардағы жаўынгер сыпатында қатнасты. Усының менен бирге ол өзиниң шөлкемлестириў уқыбы бойынша да жәмийетшилик арасында кеңнен танылды.

КПСС Башқурстан обкомының партия архивинде

сақланған 1931-жылдың 10-февралында дүзилген РСФСР Башқурстан Автономиялы Совет Социалистлик жәмхуриятының исши-дийхан инспекциясы халық комиссариатының номенклатуралық хызметкерлериниң дизиминде. «Аллаяр Досназаров 1918—1921-жылларда Қызыл Армияда әскер ҳәм Хорезм Совет Социалистлик Республикасында Қадағалаў комитетиниң председатели болып иследи»,—деп атап көрсетиледи.[16] Ҳақыйқатында А. Досназаров РКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азиялық бюросы қасындағы баспашыларға қарсы гүресиў бойынша комиссияның жуўаплы ағзаларының бири болды ҳәм өзи хызмет етип атырған полктиң қадағалаў комитетиниң председатели ўазыйпасын атқарды. Педагогика илимлериниң докторы Жүмек аға Орынбаев А. Досназаровтың усындай үлкен шөлкемлестириўшилик хызметлери ҳаққында былайынша еске түсиреди: 1920-жылы Қоңыратта Совет ҳүкимети орнатылды. Соңынан баспашылар топылыс жасап, оны тарқатып жибереди ҳәм коммунистлерди қырып таслайды. Сол себепли 1921-жылы Хорезм республикасынан А. Досназаров арнаўлы тапсырма менен келеди ҳәм Қоңырат округин баспашылардан тазартып, партия шөлкемин қайтадан тиклейди және бирқанша ўақыт даўамында ол иштиракиун фирмасының масул саркатиби (округлик партия комитетиниң жуўаплы секретары—Б. Қ.) болып ислеп, үлкен шөлкемлестириў жумысларын алып барады. Мийнеткешлер массасын Коммунистлик партияның әтирапына тығызырақ жәмлеўде Аллаяр Досназаровқа Қоңырат районлық дийханлар партиясының масул саркатиби Ораз Ерманов, жаслар шобасының (ячейкасының—Б. Қ.) саркатиблери Пиржан Бекишов ҳәм Рахим Мәжийтов, районлық халық ағартыў шақабының баслығы Сейфулғабийт Мәжийтовлар жақыннан жәрдем берип, оның исенимли қол-қанатлары болады. Усының нәтийжесинде А. Досназаров Қоңырат округинде партия шөлкеминиң жумысларын қайтадан жанландырыўға ериседи ҳәм бул туўралы Хорезм Компартиясының Орайлық Комитетине рапорт береди. А. Досназаровтың өз қолы менен жазылған бул рапорттан көширме ҳәзир мениң үй архивимде сақланады. Соң ол орнына басқа адам сайлап, өзиниң әскерий жумысына қайтып кетеди.

Аллаяр Досназаровтың усындай үлкен шөлкемлес-



тириўшилик хызмети Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкимети тәрепинен жоқары баҳаланды. Ол 1921-жылы 14—18-июльда Биринши Түркстан Атқышлар дивизиясының екинши партия конференциясында 3450 коммунист атынан Түркстан Компартиясының VI съездине делегат болып сайланды. А. Досназаров Хорезм ойпатында Совет ҳүкиметин орнатыў ҳәм беккемлеў дәўиринде көрсеткен айрықша ерликлери ушын Хорезм республикасы революциялық әскерий кеңесиниң қарары бойынша Мийнет ордени және баҳалы затлар менен сыйлықланады. Хорезм республикасының Сиясий басқармасы билимин жетилистириў ушын Аллаяр Досназаровты 1921-жылдың 10-августында Москвадағы Шығыс халықларының коммунистлик университетине оқыўға жибереди.[17]

1921 1923 ҳәм 1927—1930-жылларда А. Досназаров Я. М. Свердлов атындағы коммунистлик университетте билим алды. Ол Москвада оқыған дәўиринде—1922-жылдың 30-декабринде СССР дың дүзилиўине бағышланып өткерилген Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң сессиясына қарақалпақ миллетиниң атынан ўәкил болып қатнасты. А. Досназаров коммунистлик университетте оқып, өзиниң теориялық билимин жетилистириў менен бирге каникуль ҳәм өндирислик практика дәўиринде өзиниң туўылған үлкесине келип, жергиликли партия комитетлериниң жумысларына жақыннан жәрдемин тийгизди.

Басшы кадрлардың жетиспеўшилиги себепли 1923-жылдың жазында Аллаяр Досназаровты Түркстан Компартиясының Орайлық Комитети Коммунистлик университеттен шақырып алады және оны Шымбай уездлик партия комитетиниң агитация ҳәм пропаганда бөлиминиң баслығы етип жибереди. Туўылған үлкесине қайтып келгеннен кейин А. Досназаров жергиликли партия-совет органларын беккемлеў, мийнеткешлер массасын социалистлик қурылыс ислерине қатнастырыў мәселелерине өзиниң барлық билимин ҳәм тәжирийбесин аянбай жумсайды, жетерли теориялық илим ҳәм шөлкемлестириў уқыбына ийе болған А. Досназаров 1924-жылдың январь айында өткерилген Пүткил Түркстан Советлериниң XII съездине Әмиўдәрья областынан делегат болып қатнасады. Түркстан АССР ы Жер Ислери Халық Комиссариаты оны Әмиўдәрья об-

ласты тоғай хожалығының баслығы етип тайынлайды. Сол жылдың 1-апрелинде Аллаяр Досназаров РКП(б) Әмиўдәрья областының қадағалаў комиссиясының баслығы ўазыйпасына сайланады.

20-жыллардың басларында Коммунистлик партияның қатарына айырым жат элементлер жасырын түрде кирип кетип, олар Совет ҳүкиметиниң көрсетпелерин табыслы әмелге асыртпаў ушын ҳәр қыйлы усыл менен тосқынлықлар жасайтуғын еди. Сонлықтан А. Досназаров жергиликли партия шөлкемлерин усындай жат душпанлардан тазартыў мәселесине белсене қатнасты. Бул әмелий илажлар Орта Азия ҳәм Қазақстан халықларының тарийхында уллы ўақыя болған миллиймәмлекетлик шегараларды белгилеўдиң өз мәҳәлинде табыслы шешилиўине унамлы тәсирин тийгизди.

Аллаяр Досназаров 1924-жылы августтың басында дүзилген Қарақалпақстан территориялық комиссиясының баслығы болып сайланып, күтә үлкен шөлкемлестириўшилик уқыбы, идеялық турақлылығы, ленинлик миллет сиясатының тийкарғы мәнисин терең түсиниўшилиги ҳәм коммунистлик принципиальлығы менен ҳалыққа кеңнен танылды және қарақалпақ мийнеткешлери оған үлкен ҳүрмет көрсетти. Жергиликли байлери ҳәм ийшанлардың мийнеткеш халық атынан жазған ҳәр қыйлы жалған петицияларына, айырым басшы хызметкерлердиң шағым-арзаларына қарамастан, РКП(б) Орайлық Комитети менен Орта Азиялық бюросы Аллаяр Досназаровқа терең исеним билдирди, оны қарақалпақ миллетиниң ўәкили деп танып, жоқары партиялық ҳәм ҳүкиметлик трибуналарда турып, қарақалпақ халқының атынан шығып сөйлеўине толық ҳуқық берди.

Ҳақыйқатында да Хорезм ойпатында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўге тосқынлық етиўши миллий-шовинистлик группаларды аяўсыз әшкаралаўда А. Досназаровтың шешенлик таланты айрықша әҳмийетке ийе болды. Ол И. Бекимбетов, О. Ермановлар менен бирликте пытыраңқы түрде жасап атырған қарақалпақ халқының улыўма санын, шегараларын белгилеп, келешектеги автономиялы республикамыздың картасын дүзиўде, оның миллий өзиншеликлерин анықлаўда Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўши арнаўлы комиссияның жумысларына тийисли жәрдем берди. А. Досназаров Төрткүл, Хийўа, Қызыл



Орда, Ташкент, Оренбург, Москва қалаларында өткерилген мәжилислерде шығып сөйлеп, қарақалпақ халқының өз алдына миллет болып биригип, автономиялы область дүзиў зәрүрлигин исенимли дәлиллер менен баянлады. Мәселен, 1924-жылы 11-октябрьде РКП(б) Орайлық Комитетиниң сиясий бюросының мәжилисинде мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселеси қаралады ҳәм онда А. Досназаров бул мәселени талқылаўға қатнасады.[18] Ол 1924-жылы 14-октябрьде Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комтитетиниң екинши сессиясында қарақалпақ миллетиниң ўәкили сыпатында қарақалпақ тилинде шығып сөйледи, ал Досназаровтың сөйлеген сөзин белгили қазақ жазыўшысы, мәмлекетлик ғайраткер С. Сейфуллин рус тилине аўдарды. Сол күнги мәжилиске пүткил союзлық ақсақал М. И. Калинин басшылық етти.

Аллаяр Досназаровтың қарақалпақ тилинде не ушын шығып сөйлегенин толық түсиниўимиз ушын Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатының бас принциплерин еске түсириўимиз шәрт. 1919-жылы март айында РКП(б) ның VIII съездинде тастыйықланған РКП(б) Программасының проектинде «Усы ўақытқа шекем езилген ямаса тең ҳуқықлы емес миллетлердиң тили менен әдебиятының раўажланыўына жәрдем етиў» зәрүрлиги уллы көсемимиз В. И. Ленин тәрепинен бир неше мәртебе атап өтилген еди.[19] Ҳақыйқатында да Совет ҳүкиметиниң биринши күнлеринен баслап қатнас қағазлары рус ҳәм жергиликли тиллерде толтырылды, баспа сөз, мектеплерде оқыў, мәмлекетлик мәкемелерде ис басқарыў жумыслары ана тилинде жүргизилди, СССР дың ақша бирлиги, союзлық республикалардың герблеринде «Барлық еллердиң пролетарлары, бирлесиңиз!» деген сүрен ҳәр бир миллеттиң ана тилинде өзинше жаңлады. Ленинлик миллет сиясатының бул салтанаты Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң сессияларында тағы да айқынырақ көзге тасланар еди. Мәселен, Советлердиң III съездинде Юлдаш Ахунбабаев өзбек тилинде шығып сөйлеп, оның сөзин Файзулла Хожаев рус тилине, Нәдирбай Айтақов түркмен тилинде сөйлеп, оның сөзин Қайғысыз Атабаев рус тилине аўдарды. Сондай-ақ тәжик миллетиниң ўәкили Нусратулла да өз ана тилинде сөйледи.[20] Коммунистлик партия ҳәм Совет ҳүкиметиниң бас-

шылары менен ушырасыўларда миллий республикалардың ўәкиллерине өз ана тилинде сөйлеўге рухсат етиледи. Усының нәтийжесинде Қарақалпақстан АССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң председатели Нурым Сапаров та, әпиўайы колхозшы ҳаял Гүлзийра Артықова да қарақалпақ тилинде сөйледи.[21]

Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатының бул артықмашлығы Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәҳәлинде айрықша әҳмийетке ийе болды. Түркстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң гезексиз III сессиясының тапсырыўы бойынша жасаған докладында Р. Исламов бул мәселе туўралы былай деп көрсеткен еди: «Ҳәзирги ўақытта Түркстанда жасап атырған тийкарғы миллетлер: өзбеклер, қазақлар, қырғызлар, тәжиклер, түркменлер, қарақалпақлар, ҳәр бир миллет өзиниң турмыс айырмашылықларына, миллий өзгешеликлерине, өзлеринин урыўлық-миллий, ески үрп-әдетлерине ийе, ҳәр бир миллеттиң өз ана тили ҳәм миллий мәденияты бар».[22] Сол себепли ҳәр бир миллеттиң өзгешеликлерин белгилейтуғын миллий тилге Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң екинши сессиясында айрықша итибар берилди. Аллаяр Досназаровтың қарақалпақша жасаған қосымша докладының тексти архивлерде сақланбағанлықтан, биз С. Сейфуллинниң аўдармасында оның қысқаша мазмунын мысалға келтиремиз:


Речь тов. Дос-Назарова.

1924-жылы 14-октябрьде Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң екинши сессиясында Аллаяр Досназаровтың шығып сөйлеген сөзинен фотокөширме. «Известия», 1924-жыл 15-октябрь.



«Қарақалпақ миллетиниң ўәкили болған бул жолдастың шығып сөйлеген сөзиниң улыўма мәнисин аўдараман. Ол былай дейди:

— Совет ҳүкимети жасап турған алты жыл даўамында қарақалпақ халқы өзиниң еркин, өзиниң зарын ҳеш жерде айтыў имканиятына ийе болмады, себеби бул халық барлық жақларынан артта қалған еди. Тек ҳәзир ғана,—дейди ол,- бул миллет тарийхта биринши мәртебе бул жерде, Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң сессиясында, өзиниң ўәкили арқалы өзиниң пикирин айтыў мүмкиншилигине ийе болып отыр.

Қарақалпақ халқы енди басқа халықлар менен тең дей дәрежеде болып, өзиниң республикасын дүзиўди қәлейди ҳәм татар, башқурт, қырғыз халықларындай бул халыққа да тийисли дыққат аўдарыўын талап етеди.

Және де былай дейди: Хийўа ханларының үстемлик еткен дәўирлери болды. Ол ўақытта қарақалпақлар бул ханның қол астында жасады. Бирақта Хийўа ханы қарақалпақ миллетиниң шегараларын белгилеп бергени менен, қарақалпақ миллетинен шыққан гейпара адамлар бул хан менен бийлик ушын, Хийўа республикасында үстемлик ушын гүрести. Олардан айырымлары өзлериниң санасының қараңғылығы, мәдениятсызлығы себепли ҳәттеки ақ гвардияшылар менен бирликте Совет ҳүкиметине де қарсы урысты.

Егер,—дейди ол,—бул халықтың мәдений жақтан артта қалыўына дыққат аўдарылмаса, ол жағдайда бул халықтың айырым бөлимлериниң келешек ўақытта да жолдан адасыўы мүмкин. Қарақалпақлардың территориясында усы ўақытқа шекем бандитизм даўам етип киятыр.

Қарақалпақ миллетиниң ўәкили бул бандитлик топарлардың жоқ қылыныўын ҳәм келешектеги Қарақалпақстан автономиялы областын сиясий және экономикалық жақтан раўажландырыўға айрықша дыққат аўдарылыўын сорайды.

Усы ўақытқа шекем,—дейди ол,—бизлер Орта Азияда бул халық қалай жасап атыр, олардың ишинде жәбир көрип, ренжигенлер бар ма?—деп сораған кисини көрмедик. Ҳәзир, бизлер бүгинги миллий шегараларды белгилеў ўақтында бул кишкене, артта қалған миллетке тийисли дыққат аўдарылады, деп исенемиз. Егер де бул нийетимиз әмелге асырылса, онда бизлер тез пәт пенен алға раўажланамыз».[23]

РКП (б) Орайлық Комитети менен Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитети 1924-жылы 27-октябрьде қарақалпақ халқының бул тилегин қабыл етти. Нәтийжеде Түркстан республикасының Әмиўдәрья областында, Хорезм республикасының территориясында жасаўшы қарақалпақлар бир административлик, сиясий орайға бириктирилди және Аллаяр Досназаров РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары болып тайынланды.

1924-жылы 17-ноябрьде Түркстан Компартиясы Әмиўдәрья областьлық ҳәм Төрткүл қалалық комитетлеринин бурынғы ағзалары РКП(б) Киробкомының шөлкемлестириў бюросы менен Қарақалпақстан автономиялы областының жуўаплы хызметкерлеринин бирликтеги бас қоспа мәжилиси болып, онда Аллаяр Досназаров Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўдиң жуўмақлары ҳаққында доклад жасады.[24] Қарақалпақ халқының тарийхында усындай үлкен өзгерислерди РКП(б) Орайлық Комитетиниң органы «Правда» газетасы 1924-жылы 25-ноябрьдеги «Қарақалпақстан областының дүзилиўи» атлы билдириўинде пүткил дүнья жүзиниң мийнеткешлерине былайынша хабарлады: «Төрткүл, 22-ноябрь, Әмиўдәрья областьлық партия комитетиниң соңғы пленумы болып өтти. Онда областьлық комитет тарқатып жиберилди. Оның ўазыйпасы қарақалпақ бюросына жүкленди.

Сондай-ақ Әмиўдәрья областьлық атқарыў комитети де тарқатылып, ҳүкимет бийлиги Қарақалпақстан автономиялы областының революциялық комитетине берилди».[25]

РКП(б) Қарақалпақстан шөлкемлестириў бюросы менен революциялық комитети өз-ара тығыз байланыста жумыс алып барды. Олар Қарақалпақстан автономиялы областының территориясын пуқталық пенен үйренип шығыў, округлардың шегараларын ҳәм орайларын анықлаў, басшы хызметкерлерин таңлап алыў ҳәм тастыйықлаў жумысларына қызғын кириседи. Мәселен, 1924-жылы 18-ноябрьде РКП(б) Қарақалпақстан автономиялы областьлық шөлкемлестириў бюросының гезектеги мәжилиси болып, онда Аллаяр Досназаров пенен Ибрайым Бекимбетовқа Қоң-




Образование Кара-Калпакской области.

ТУРТ-КУЛЬ. 22 ноября. Состоялся последний пленум Аму-Дарьинского областного комитета партии. Областной комитет об'явлен распущенным. Его функции переданы кара-калпакскому бюро.

Распущен также аму-дарьинский областной исполком, власть которого передана ревкому Кара-Калпакской автономной области.

«Правда» газетасының 1924-жыл 25-ноябрьдеги санында жәрияланған «Қарақалпақстан областының дүзилиўи» атлы билдириўден фотокөширме.

ырат округлик шөлкемлестириў бюросын дүзиў жумысын тапсырды.[26] Әмиўдәрьяның сол жағалығындағы қарақалпақ районлары автономиялы область дүзилгенге шекемги дәўирде Хорезм Совет Социалистлик Республикасының составына киретуғын еди. Сол себепли Қоңырат ҳәм Хожели округлеринде шөлкемлестириў жумысларын баслаў ушын ең дәслеп Хорезм республикасынан Қарақалпақстанға тийисли жер менен дүнья-мүликти бөлисиўдиң принциплерин шешиў зәрүр болды. РКП (б) Қарақалпақстан Обкомы шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары А. Досназаров усы мақсет пенен Хийўа қаласына келеди ҳәм 1924-жылы 22-ноябрьде Хорезм Компартиясы Орайлық Комитетиниң қасындағы сапластырыўшы комиссиясының мәжилисине қатнасады.

Ол дәўирде ел арасында Совет ҳүкиметине қарсы болған жат элементлер еле сапластырылмаған еди. Сол себепли қайда барса да Аллаяр Досназаровты қурал-жарақлы арнаўлы әскерлер қорғап жүретуғын еди. Ол Қарақалпақстан автономиялы областының революциялық комитетиниң председатели Ә. Қудабаевқа

1924-жылы 25-ноябрьде бул туўралы мынадай телеграмма жоллады; «Төрткүл қаласынан Хийўа шәҳәрине шекем мени гүзетип келген он адам составындағы қызыл әскерлер командасын Төрткүлге қайтарып жиберип атырман. Усының менен Сизге хабарлайман, округлерди изертлеп болып, қайтып келгенимше олар Төрткүл қаласында турыўы керек. Сол себепли оларды зәрүрли азық-аўқат пенен тәмийин етиўиңизди өтинемен».[27]

Бул қызыл әскерлер Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң арнаўлы тапсырмасы бойынша Қарақалпақстанға келип, автономиялы областымыздағы әҳмийетли сиясий-хожалық жумысларының табыслы әмелге асырылыўына ылайықлы үлес қосты. Сонлықтан А. Досназаров олар ҳаққында тийисли ғамхорлық жасады. Ол областьлық ревком председатели Ә. Кудабаевқа бул туўралы былайынша жазған еди: «Егер областьлық революциялық комитеттиң есабында қандай да болмасын қәрежет табылатуғын болса, онда Қарақалпақстан автономиялы областына Ленинград қаласынан келген хызметкерлерди гүзетиўши он бес адам составындағы қызыл әскерлердиң командасын кийим-кеншек пенен тәмийин етиўиңизди өтинемен».[28]

РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары А. Досназаров Хорезм республикасынан автономиялы областымызға тийисли жер ҳәм дүнья-мүликти бөлистириўдиң принциплерин шешкеннен кейин, бул жумысты конкрет әмелге асырыў ўазыйпасын сапластырыў комиссиясындағы қарақалпақстанлы ўәкилге тапсырып, өзи округлерди аралаўға атланады. Буны биз областьлық ревком председатели Ә. Кудабаевтың төмендеги телеграммаларынан билемиз. Мәселен, ол 1924-жылы 24-ноябрьде «Хийўа, Досназаровқа. Адинаев Хийўаға жөнеп кетти. Хожелиге Сизиң атыңызға тапсырма менен милиционер жиберилди»,—деп хабарласа, сол күни тағы да ол мына телеграмманы жоллайды: «Қоңырат. Сәрсенбаевқа. Досназаров Сизлерге қарай баратыр. Хожелиде округлик атқарыў комитети шөлкемлестирилди. Адинаев Хийўада».[29] Солай етип А. Досназаров 1924-жылы ноябрь—декабрь айларында Қарақалпақстан автономиялы областының барлық ок-



руглерына барып жыйналыс өткерди ҳәм онда Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўдиң жуўмақлары ҳаққында доклад жасады. Қарақалпақстан мийнеткешлери автономиялы областьтың дүзилиўин үлкен қуўаныш пенен қарсы алды. Тарийхтан аты умытылып баратырған қарақалпақ халқына миллет атағын берип, өз тәғдирин өзи шешиў ҳуқықына ийе қылғаны ушын олар Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметине шексиз миннетдарлық билдирди. Жыйналған халайық бул мәселеде Аллаяр Досназаровтың көрсеткен ерлик хызметин күтә жоқары баҳалап, оған улыўма халық атынан алғыслар айтты.

Мәселен, Шымбай округлик атқарыў комитетиниң председатели Досымбет Қурбанаев Қарақалпақстан областьлық революциялық комитетине жазған докладында сол ўақыттағы мийнеткешлердиң көтериңки руўхый сезимлерин былайынша көрсеткен еди:

«1924-жылы 1-декабрьде округта кеңес шақырылып, оған волостьлық революциялық комитетлердиң председательлери, волостьлық партия ячейкаларының жуўаплы секретарьлары, «Союз-қосшы» ның жуўаплы секретарьлары ҳәм аўылсоветлердиң председательлери, округтиң барлық жуўаплы хызметкерлери қатнасты. Кеңесте еки мәселе қаралды: 1) Шымбай шәҳәрине усы жылдың 29-ноябринде келген А. Досназаровтың доклады ҳәм 2) салықлар ҳаққында. Кеңес оғада салтанатлы жағдайда өтти. Жолдас А. Досназаровтың жасаған доклады жыйналысқа барлық қатнасыўшыларды шын жүректен қуўандырды ҳәм қуўанышлы сүренлер және қол шаппатлаўларды пайда етти. Жыйналған халықтың кейпи оғада кеўилли ҳәм шадлы болды. Екинши мәселеде аўыл хожалық салықлары толығы менен жүз процент орынланғанлығы ҳаққында салтанатлы қарар қабыл етилди».[30]

Ҳақыйқатында да РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров барлық округларды усылайынша тексерип шықты ҳәм басшы хызметкерлерди таңлап алды және тастыйықлады. Мийнеткешлердиң турмыс аўҳалы менен танысты ҳәм олардың шағым-арзаларын қарады. А. Досназаров басшылық еткен РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлести-

риў бюросы тәрепинен исленген усындай жумыслар ҳаққында тарийх илимлериниң докторы Я. М. Досумов былай жазды: «Шымбай уездинде Совет жумысларын жақсылаў ушын көп күш-ғайратлар сарп етилди, себеби бурын Шымбай уездлик атқарыў комитети өзлерин бөлек автономиямыз, деп есаплады ҳәм уездде советлик қурылыс жумыслары қанаатланарлық дәрежеде алып барылмады. Уездлик атқарыў комитетиниң бурынғы председатели Кеўлимжаев ҳәм уездлик басқарманың бурынғы бөлим баслығы Әбдихалықовлар уездлик аппаратты областьлық атқарыў комитетине қарама-қарсы қойды және аўыллық, волостьлық ҳәм уездлик Советлерге мийнеткешлерди тартыў исине иркиниш жасады. Бундай басшылар тәжирийбели жергиликли совет хызметкерлери менен алмастырылды ҳәм оларға жергиликли орынлардағы Советлердиң жумысларын жақсылаў ўазыйпасы жүкленди».[31]

Бул пикирдиң дурыслығын архив дереклери де тастыйықлайды. А. Досназаров Шымбай округинде болған ўақтында шөлкемлестириў уқыбы кемис, сиясий билими төмен, идеялық жақтан турақсыз адамларды басшы жумыслардан босатып, олардың орнына жаңа социалистлик дүзимди орнатыўға белсене қатнасқан принципли коммунистлерди сайлап қойды. Усының нәтийжесинде жергиликли миллет ўәкиллеринен 1918-жылдан РКП (б) ағзасы Досымбет Қурбанаев Шымбай уездлик атқарыў комитетиниң председатели, 1920-жылдан партия ағзасы Имамаддийин Исметуллаев РКП (б) Шымбай округлик шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары болып тастыйықланады.»[32]

РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров басшы хызметкерлерди шөлкемлестириў уқыбына, сиясий билимине ҳәм идеялық жақтан турақлылығына қарап таңлап алыў менен бирге олардың ҳәр қайсысының турмыс аўҳалын жақсылаў, жумысты сапалы ислеўи ушын қолайлы жағдай туўғызыў ҳаққында да тийисли ғамхорлық жасады. А. Досназаровқа тән болған бул жақсы қәсийетлерди оның областьлық революциялық комитеттиң басшыларына жазған төмендеги хатларынан анық билиўимизге болады. Мәселен, ол 1925-жылы 4-январьда: «Облревкомға РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы



Листков пенен Аймурзаев жолдаслардың Хожели ҳәм Шымбай округлерине барыўы ушын оларға еки ат бериўиңизди соранады», — деп өтиниш еткен болса, екинши бир хатында «Жолдас Садуллаевқа. Жолдас Ибрайым Бекимбетовтың семьясын көширип әкелиўи ушын қәрежетти излеп табыўыңыз зәрүр ҳәм оған үш жүз манат қарыз берип турыўыңыз керек. Ақшаны «Союз-қосшы»ның есабынан алыўыңызға болады. Бүгин бул мәселени семьясын көширип алып келип орналастырыў ушын И. Бекимбетовқа еки ярым ҳәптелик отпуск бериў жолы мене шешиў керек»,[33] деп буйырады.

Белгили партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Ибрайым Бекимбетов Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилгенине шекем Шымбай уездлик партия комитетиниң агитация ҳәм пропаганда бөлиминиң баслығы болып ислеген. Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилгеннен кейин дәслеп областьлық революциялық комитеттиң председателиниң орынбасары, областьлық «Союз-қосшы» ның председатели, областьлық атқарыў комитетинде административлик, соңынан халық ағартыў шақабының баслығы ўазыйпаларын атқарады ҳәм оның семьясында он бир жаны болып, Ибрайым Бекимбетов ол ўақытта ҳақыйқатында да усындай материаллық ҳәм моральлик қуўатлаўға зәрүр еди.[34]

РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы ҳәм областьлық революциялық комитетлерине келип түскен шағым арзаларының айырымларында мийнеткешлерге аўыл хожалық салықларының надурыс салынғанлығы жөнинде хабар етиледи. Усыларды нәзерде тутып, А. Досназаров 1925-жылы 19-январьда төмендеги оғада қыстаўлы телеграмманы жоллайды: «Өзбекстан ССР Хорезм областының революциялық комитетине. Хорезм Компартиясы Орайлық Комитетиниң қасындағы сапластырыў комиссиясының карарына (1924-жылы 22-ноябрь, Протокол №1 пункт 1) муўапық Хожели областының барлығы бурынғы Қыпшақ ҳәм Қытай елатлы пунктлери менен Қарақалпақстан автономиялы областына өткерилген. Тилекке қарсы, Хорезм областының финагентлери сол жердеги мийнеткешлерден аўыл хожалық салықларын өндирген. Биз буған наразылық билдиремиз»[35].

Солай етип, А. Досназаров социалистлик нызамлылықты бузыўға ҳәрекет еткен айырым адамларға өз ўақтында шешиўши илаж қолланды ҳәм мийнеткешлерди орынсыз алым-салықлардан азат етти.

Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәҳәлинде гейпара басшы хызметкерлер халықтың миллий составын биринши планға қойып, бир миллеттиң бир неше жерден автономиялы республикасын ямаса автономиялы областын дүзиўди усынды. Пүткил союзлық ақсақал М. И. Калинин бундай ҳәрекетлерди «миллий умтылыўлардың турпайы көринислери»,[36] деп атады. Усындай кеўилсиз ҳәдийселер Қарақалпақстан автономиялы областында да жүзеге келип шықты. Қарақалпақстан коммунистлери бул мәселеде В. И. Лениниң: «Халықтың миллий составы—ең әҳмийетли экономикалық факторлардың бири, бирақ ол басқа факторлардың арасында бирден-бир ең әҳмийетли фактор бола алмайды»[37] деген көрсетпесин басшылыққа алды. РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы тәжирийбели пропагандистлерди округларға жиберип, мийнеткешлер массасына миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўдиң тийкарғы мәнисин кеңнен түсиндирди ҳәм олар үлкен шөлкемлестириўшилик жумысларын алып барды. Атап айтқанда, Қарақалпақстан автономиялы областы қарақалпақ мийнеткешлериниң ең көп ҳәм тығызырақ жайласқан жери Әмиўдәрьяның қуяр аяғында дүзилиўи нызамлы қубылыс екени ҳәм усы территорияда жасайтуғын басқа миллетлердиң ўәкиллери де Қарақалпақстан автономиялы областына биригиў зәрүрлиги айқын мысаллар арқалы дәлилленди. Басқа миллетлер Қарақалпақстан областьлық революциялық комитетине өзлериниң ўәкиллерин сайлап, сол адамлары арқалы өзлериниң тилеклери менен усынысларын баянлап туратуғын болды. РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров 1925-жылы 4-февральда Қазақстан ҳүкиметиниң басшыларына бул туўралы мынадай телеграмма жоллады: «Оренбург, Киробком Хожановқа, Қопиясы Кир ЦИК, Мендешевке, Төрткүл Советлериниң округлик съезди табыслы өткерилди. Областьты идеялық жақтан өзим басқарып атырман. Шорахан районының өзбеклери Қарақалпақстан автономиялы областына қосылды».[38]

Ҳақыйқатында да Аллаяр Досназаров басшылық еткен РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы автономиялы областьтың революциялық комитети менен бирликте жергиликли партия шөлкемлерин сапасы жағынан жақсылаў, рабочий класы, батрак ҳәм гедей, дийхан ўәкиллери есабынан партия ағзаларының санын арттырыў бойынша бир қанша жумысларды иследи, округлардың басшы хызметкерлерин таңлап алды, районлардың шегараларын ҳәм орайларын белгиледи. РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары А. Досназаров усындай әҳмийетли сиясий-хожалық жумысларына тиккелей басшылық етти, атап айтқанда, ол Қарақалпақстан областьлық партия шөлкемин, автономиялы областымыздың революциялық комитетин дүзиўге белсене қатнасты. Мәселен, 1924-жылы 13-декабрьде А. Досназаров РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының мәжилисинде автономиялы областымыздың округларына сапары ҳаққында билдириў жасады. Шөлкемлестириў бюросының мәжилиси А. Досназаровтың бул есабын бир аўыздан мақуллады ҳәм автономиялы областьтың шегараларын, район орайларын ҳәне олардың басшы хызметкерлерин тастыйықлады.

Қарақалпақстан автономиялы областының улыўма жер майданы 206,4 мың квадрат метр болып, халқының саны 300 мыңға жақын адам еди. Усы халықтың басым көпшилиги — 170204 адам Әмиўдәрьяның оң тәрепинде, ал қалған бөлеги дәрьяның сол жағасында жасайтуғын еди. Территориялық комиссияның анықлаўы бойынша, қарақалпақлардың улыўма саны 127274 адам болып, автономиялы областымыздың халқының қалған бөлегин өзбеклер, қазақлар, түркменлер ҳәм басқа да миллетлердиң ўәкиллери қурайтуғын еди.

Солай етип, РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы менен автономиялы областымыздың революциялық комитети мийнеткешлердиң кең қатламын Коммунистлик партияның әтирапына тығызырақ жәмлей алды. Олар Қарақалпақстан автономиялы областьлық Советлериниң 1 шөлкемлестириў съездине таярлық бойынша оғада көп жумыслар-

ды иследи ҳәм жергиликли партия-совет органларының хызметин жақсылаўға әмелий басшылық етти.

1925-жылы 12—19-февральда Төрткүл қаласында Қарақалпақстан автономиялы областьлық Советлериниң 1 шөлкемлестириў съезди Аллаяр Досназаровтың басшылығында өткерилди ҳәм ол Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилгенин нызам менен рәсмийлестирди.»[39] Қарақалпақстан автономиялы областьлық Советлериниң 1 шөлкемлестириў съездиниң ашылыў күни—12-февраль улыўма халықлық байрам деп дағазаланды ҳәм бул сәне көп ўақытқа шекем жыл сайын салтанатлы түрде белгиленип келди.

Қазақстан Компартиясы Орайлық Комитети менен Орайлық Атқарыў Комитетиниң органы «Советская степь» (ҳәзирги «Казахстанская правда») газетасында жәрияланған «Қарақалпақстан автономиялы областьлық Советлериниң 1 шөлкемлестириў съезди» атлы мақаласында Қазақстан Орайлық Атқарыў Комитетиниң ўәкили жолдас Ларионов пенен гүрриңинде бул туўралы кең түрде мағлыўмат береди: «Съездтиң күн тәртибинде он бир мәселе: СССР дың халықаралық ҳәм ишки жағдайы, миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў ҳәм миллий Қызыл Армияны шөлкемлестириў, Революциялық комитеттиң есабы, Советлик қурылыс ҳәм Рабочий-дийхан Инспекциясының жаңа ўазыйпалары, аўыл хожалығын қайтадан тиклеў ҳәм ирригация, санаат, мәмлекетлик саўда, кооперация, финанс, билимлендириў, ден саўлықты сақлаў мәселелери қаралды ҳәм сайлаўлар өткерилди».

Съездге 134 делегат сайланып, олардың басым көпшилигин жарлы дийханлар менен батраклар қурады. 1 шөлкемлестириў съездинде автономиялы областымыздың алдында турған барлық сиясий-хожалық мәселелери қызғын талқыланды. «Съезд үлкен көтериңкилик жағдайында өтти, деп көрсетеди жолдас Ларионов—«Халықлық» область деп аталған дүзимге умтылыўлар ҳеш болмады. Съезд Совет мәмлекетиниң улыўма семьясына киретуғын автономиялы совет областына беккем бағдар алды. Бул жағдайды айрықша белгилеп өтиў әҳмийетли, өйткени Қарақалпақстан автономиялы областы еки территориядан қуралғаны мәлим: олардың биреўинде советлер болса, ал басқа бөлеги бурынғы Хорезм Халық Республикасына қо-



сылған еди. Миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў бойынша резолюцияда съезд Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўин мақуллады ҳәм оның Қазақстан АССР ының составына кириўин салтанатлы түрде белгилеп өтти».[41]

Сегиз күнлик мәжилислерден кейин 1 шөлкемлестириў съезди 43 адам составында Қарақалпақстан областьлық атқарыў комитетин сайлады. Онда Қарақалпақстан автономиялы областы атқарыў комитетиниң председатели болып Әбиў Қудабаев, орынбасарлары Алланияз Айтешов, Тәжим Непесов, секретары болып Ержан Кожуровлар сайланды. РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров областьлық атқарыў комитетиниң президиум ағзалығына өткерилди.[42]

Аллаяр Досназаров 1924—1926-жылларда РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары, областьлық қызыл милиция бөлиминиң сиясий комиссары болып ислеп, Қарақалпақстанда үлкен шөлкемлестириўшилик жумысларын алып барды, областьтың партия, совет аппаратын жат-жамай элементлеринен тазартып, социалистлик қурылыс исине шын берилген кадрлар менен беккемледи. Халық хожалығы ҳәм мәдений қурылыс мәселелери бәрҳама оның дыққат орайында болды. А. Досназаров жергиликли миллет ўәкиллерин партия-совет органларына басшы хызмет орынларына тартыў, ҳаял-қызларды тәрбиялаў ҳәм оларды сиясий-жәмийетлик турмысқа белсене қатнастырыў исине айрықша итибар берди.

А. Досназаров Қарақалпақстанда дәслепки комсомол, пионер, профсоюз, «Қосшылар Союзы» шөлкемлерин дүзиў ҳәм олардың жумысларын жанландырыў бойынша партия менен ҳүкиметимиздиң қарарларының табыслы орынланыўына өз мәҳәлинде шешиўши тәсир жасады. Әлбетте, Қарақалпақстанда саўатсызлықты сапластырмай турып, мийнеткешлердиң кең қатламын социалистлик қурылыс исине саналы түрде қатнастырыў ҳәм бул жумыста гөзлеген мақсетке ерисиў мүмкин емес еди. Мине сонлықтан да Аллаяр Досназаров басшылық еткен РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы халық билимлендириў, мийнеткешлерге мәдений жақтан хызмет етиў тараўларын жақсылаўды ең баслы мәселе деп

есаплады. Бул дәўирде Қарақалпақстанда халық хожалығының тараўлары бойынша ҳәр қыйлы қәнигелер таярлайтуғын қысқа мүддетли курслар ашылды, ески интеллигентлердиң ўәкиллери совет мектеплеринде сабақ бериў ушын мобилизацияланды, бир қанша жаслар жоқары қалаларға оқыўға жиберилди.

Аллаяр Досназаров автономиялы областымызда баспахана ҳәм күнделикли баспа сөз исин шөлкемлестириўшилердиң және қарақалпақ тилинде газета менен мектеп сабақларын шығарыў инициаторларының бири болды. Мәселен, РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы 1924-жылы 18-декабрьдеги мәжилисинде баспа сөз ҳаққында арнаўлы мәселени додалап, онда төмендеги қарар қабыл етилди:

1. Ревком председатели Әбиў Кудабаев өз жумысына қоса «Еркин Қарақалпақ» газетасының жуўаплы редакторы етип тайынлансын. Ал Ағайдаров Хожели халық билимлендириў шақабындағы жумыстан босатылып, редактордың орынбасары етип тайынлансын.

2. Хожели округи бойынша билимлендириў халық комиссариатының инспекторы Ағайдаровтың орнына жолдас Мәжитов Сейфулғабит тайынлансын.»[43]

Сондай-ақ РКП(б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы ҳәм областьлық атқарыў комитети ана тилимизде туңғыш сабақлықларды дүзиў ўазыйпасын белгили шайыр ҳәм ағартыўшы Сейфулғәбит Мәжийтовқа жүкледи. Ол автономиялы областымыздың басшы партия-совет хызметкерлериниң бул үлкен исенимин инабат пенен ақлап шықты және 1925-жылы қарақалпақ тилинде «Әлипбе», «Әлипбеден» соң оқыйтуғын қарақалпақ тилинде «Оқыў китабы», «Егеделер саўаты» атлы сабақлықларды жазды ҳәм оларды Ташкент қаласында реформаласқан араб алфавитинде басып шығарды.[44]

Қарақалпақстан 20-жылларда тийкарынан аграрлы үлке болғанлықтан ирригация халық хожалығын раўажландырыўда үлкен роль атқарды. Тилекке қарсы, биринши жер жөзилик ҳәм граждандар урысларының салдарынан бул тараў оғада ашынарлы аўҳалға түскен еди. Сол себепли РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросы ҳәм областьлық атқарыў комитети ирригация тараўларына маман



басшы кадрларды қойыў, автономиялы областымызда қазыў жумысларын өз ўақтында сапалы өткериў, суў хожалығын басқарыў исин орайластырыў, аўыл хожалығын механизациялӑў мәселелери бойынша зәрүрли илажларды әмелге асырды. Усындай әҳмийетли жумыслар менен бирликте 20-жылларда Қарақалпақстанда пахта ҳәм жоңышқа тазалаў заводларын реконструкциялаў, жаңа санаат кәрханаларын ашыў жумыслары басланды. Бурынғы майда өнерментлик тараўлары енди кеңнен раўажланыў жолына түсти ҳәм олар ири кооперацияларға бирлестирилди. Бундай әҳмийетли хожалық жумысларының барлығына Аллаяр Досназаров РКП (б) Қарақалпақстан областьлық шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары сыпатында белсене қатнасты.

Төрткүл қаласы Қарақалпақстанның бир шетине орналасқаны себепли автономиялы областымыздың ҳәмме округлары менен байланыс жасаў, оларға тиккелей басшылық етиў жумысларын әдеўир қыйынластырды. Сонлықтан Аллаяр Досназаров өз мәҳәлинде Қарақалпақстанның келешектеги орайлық қаласын орталық жерден—ҳәзирги Нөкис шәҳәриниң турған орнынан жигирма бес мың адамға мөлшерленген пайтахттың қурылысын баслаў кереклиги ҳаққында усыныс жасады. Бул усынысты Қарақалпақстан мийнеткешлери бир аўыздан қызғын мақуллады ҳәм жоқары партия, ҳүкимет басшылары тәрепинен қуўатланды. Усының нәтийжесинде Қарақалпақстан АССР ының орайы Төрткүлден Нөкис қаласына көширилди. Солай етип, соңғы елли жыл ишинде ел жаңарып, бурынғы қулазыған қуў далада ҳәзирги бир жүз елли мыңға жақын халқы бар индустриялы абаданласқан шәҳәримиз өз қәддин тикледи.

Аллаяр Досназаров 1926-жылы билимин жетилистириў ушын Ташкент қаласында Орта Азия коммунистлик университетине (САКУ) оқыўға жибериледи. Бирақ, бул жердеги оқыўдың жағдайы оған унамады. Сол себепли А. Досназаров бурын өзи еки жыл оқып, хызмет бабы менен ўақытша үзилиске түсирилген Москва қаласындағы Я. М. Свердлов атындағы Шығыс мийнеткешлериниң Коммунистлик университетине (КУТВ) өзгертиў ҳаққында жоқары органларға арза берди. Оның бул тилеги қабыл етилип, А. Досназаров 1927-жылы қайтадан КУТВ тың тыңлаўшысы болды.

Ол жерде Азия ҳәм Қазақстан республикаларының туңғыш партиялық, мәмлекетлик ғайраткерлери менен талантлы алым, жазыўшылары билим алды. Бул жағдайлардың ҳәммеси Аллаяр Досназаровтың дүньяға материалистлик көз қарасының қәлиплесип, илимий-сиясий жақтан тағы да писип жетилисиўине унамлы тәсирин тийгизди. Ол өндирислик практика ҳәм жазғы каникул дәўиринде өзиниң туўылған үлкеси—Қарақалпақстанға келип, коммунистлик университетте алған теориялық билимин күнделикли турмыста шебер қоллана билди. Атақлы партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаров ең жақсы миллий ҳәм революциялық дәстүрлерди пропагандалаўға белсене қатнасады, туўылған үлкемизде туңғыш тарийхый естеликлерди орнатыў ҳәм үлке таныў музейин шөлкемлестириўде Аллаяр Досназаровтың үлеси салмақлы болды. Мәселен, 1928-жылы 1-августта Қарақалпақстан автономиялы областьлық халық ағартыў шақабы №92 буйрығының екинши пункти менен Аллаяр Досназаровты сол жылдың 1-августынан баслап, музейдиң илимий секретары лаўазымына тайынлайды ҳәм оған айына еки жүз манат муғдарында хызмет ҳақы белгилейди.

Аллаяр Досназаров 1929-жылы да жазғы каникулды Қарақалпақстанда өткерди ҳәм автономиялы областымыздың сиясий турмысына белсене қатнасады. Мәселен, 1929-жылы 16-июньде Төрткүл қаласында билимлендириў хызметкерлериниң жыйналысы болып, оған областлық партия, профсоюз шөлкемлериниң ўәкиллери де шақырылады. Жыйналыста «Халық ағартыў мәкемелерин раўажландырыўдың бес жыллық планы ҳаққында» Қарабаев, «Мектеп қурылысының бес жыллық планы ҳаққында» Тухватуллин доклад жасады. Бул докладларды додалаўға автономиялы областымыздың басшы партия-совет хызметкерлеринен П. Варламов, Қ. Нурмухамедов, А. Досназаров, Ж. Сейтова, А. Айтешов, Халковский, Ж. Маткаримов, Никулин, Шалымбетовлар қатнасады.

Биз усы жыйналыста Аллаяр Досназаровтың шығып сөйлеген сөзин мысалға келтиремиз: «Мәдений-ағартыў мәкемелерин раўажландырыў планы, — деп атап көрсетти А. Досназаров,—социалистлик мәденият пенен тиккелей байланыслы.—Қарақалпақстан өзиниң ҳеш қандай ел менен байланысы жоқ мәдениятына ийе



болыўы мүмкин емес, ал керисинше, ол мәдений жақтан алдыңғы қатардағы республикалар менен тығыз байланыслар жасаўы тийис. План областьтың активи ҳәм мийнеткешлердиң кең қатламының пикирлерин есапқа алыў арқалы дүзилгенликтен, оны тийкарынан дурыс деп мақуллаў мүмкин. Бул планды орынлаўымыз ушын бизлер барлық күшимизди сарп етип ислеўимизге қарамастан, келешек ўақытта үлкен қыйыншылықларға дуўшакерлесемиз. Қарақалпақстан ҳәзирги ўақытта санаат районы болып есапланбайды, ал ол шийки зат базасы сыпатында РСФСР дың составына киреди. Мине сонлықтан да алдағы ўақытта бизлер кадрлар таярлаў мәселесине оғада көп дыққат аўдарыўымыз зәрүр. Жасларға кәсип-техникалық билим бериў мәселесин додалап отырып, биз оның бул планда жеткиликли дәрежеде сәўлеленбегенин көрип турмыз. Ҳәр қыйлы маманлықлар бойынша кадрлар таярлаў—бизлердиң ең баслы ўазыйпамыз болып есапланады. Рус тилин үйрениў мәселеси бойынша мениң пикирим төмендегише: Рус тили—революцияның тили болып есапланғанлықтан, бул тилди үйрениўдиң сапасын жақсылаў зәрүр. Келешек ўақытта бизлер басқаратуғын барлық зәрүрли болған машиналар рус тилинде жазылғанлықтан—бул тилди үйрениў биринши нәўбеттеги ўазыйпамыз болып есапланатуғынлығы өзөзинен түсиникли. Анығын айтқанда, рус тилин үйрениў мәселесин биринши басқышлы мектеплерден баслаўымыз зәрүр».[45]

Аллаяр Досназаровтың бул пикирлери буннан алпыс жыл дерлик бурын айтылғанына қарамастан, бүгинги күнде де ол өзиниң актуальлығын жоғалтқан жоқ. Өйткени, кәсип-техникалық билим бериўдиң сапасын жақсылап, халық хожалығының барлық тараўлары бойынша маман кадрларды таярлаў мәселеси — ҳәзирги ўақытта да, келешекте де биринши планға қойыла береди. Өйткени, санаат пенен аўыл хожалығының алтын фонды есапланған өндириўши күшлерди жетилистирмей турып, халық хожалығын раўажландырыў, әлбетте, мүмкин емес екенлиги ҳәммеге белгили. Ал А. Досназаровтың рус тилин үйрениў бойынша усынысы 30-жыллардың басларында-ақ турмысқа асырылды. Атап айтқанда, биринши басқышлы мектеплерде ямаса бүгинги баслаўыш мектеплерде рус тилин оқытыў жумысы қолға алынды. Бул

мысаллар көпти көрген тәжирийбели ақсақал, идеялық-сиясий жақтан шыныққан басшы хызметкер Аллаяр Досназаровтың өз ўақтында халқына дурыслы төрелик айтып, автономиялы республикамыздың экономикасы менен мәдениятының алға раўажланыўы ушын дурыс бағдар силтей алғанлығын тастыйықлайды.

1930-жылы Аллаяр Досназаров Шығыс мийнеткешлериниң коммунистлик университетин питкергеннен кейин Башқуртстан АССР ында жумыс ислеў ушын командировкаға жибериледи. Оның Уфада болған ўақытларын тастыйықлайтуғын архив материалларын мысалға келтирейик: Мәселен, КПСС Башқуртстан областьлық комитетиниң партия архивинде сақланған документлер бойынша, Аллаяр Досназаров совет аппаратын тазалаўшы комиссияның председатели, Башқуртстан АССР рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатының коллегия ағзасы, 1896-жылы туўылған, миллети—қарақалпақ, ВКП (б) ағзасы, социаллық аўҳалы—хызметкер, қәнигелиги—рабочий, улыўма билими төмен, сиясий билими—коммунистлик жоқары оқыў орнын питкерген, 1917 - 1918-жылларда рабочий, 1918—1921-жылларда Қызыл Армияда әскер ҳәм Хорезмде Қадағалаў Комитетиниң председатели, 1921 - 1923-жылларда Шығыс мийнеткешлериниң коммунистлик университетиниң студенти, 1923—1925-жылларда ВКП (б) райкомының жуўаплы секретары, областьлық қадағалаў комитетиниң председатели, 1925—1926-жылларда ВКП(б) Қарақалпақстан областьлық комитетиниң жуўаплы секретары; 1926—1927-жылларда Орта Азия Коммунистлик университетиниң ҳәм Я. М. Свердлов атындағы университеттиң студенти, 1930-жылдан баслап Башқуртстан АССР рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатында областьлық қадағалаў комитетиниң, ал 1930-жылдың 1-октябринен баслап Совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели болып ислеген ҳәм Башқуртстан АССР рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатының номенклатуралық хызметкерлериниң дизимине киргизилген.[46]

Башқуртстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивинде сақланған документлер КПСС Башқуртстан областьлық партия архивиниң жоқарыдағы мағлыўматларына сәйкес келеди ҳәм толықтырады. Мәселен, «туўылған жери» деген графада «Шымбай шәҳәри».



«Үй адреси» деген графада «Уфа қаласы, «Астория» мийманханасы, №9 бөлме», Әскерий хызметке қатнасы» деген графада «сиясий состав» деген сөзлер жазылған ҳәм т. б.[47] Башқуртстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивиниң фондларын қарап отырып, биз Аллаяр Досназаров ҳаққында төмендеги документлерди табыўға еристик. Башқуртстан АССР Рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатының 1930-жылы 21-сентябрьдеги №175 буйрығының биринши пунктинде мынадай сөзлер жазылған: «ВКП (б) Башқуртстан областьлық партия комитети тәрепинен командировкаға жиберилген Аллаяр Досназаров 1-октябрьден баслап Рабочий-дийхан халық комиссариатының аппаратында совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели лаўазымына қабыл етилди ҳәм оған ҳәр ай сайын 215 манат муғдарында хызмет ҳақы төленеди, деп есаплансын».[48] Башқуртстан АССР рабочий-дийхан халық комиссариатының 1930-жылы 5-ноябрьдеги №188 буйрығының екинши пунктинде биз «Совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели жолдас А. Досназаровты 5-ноябрьден баслап хызмет ислеп атырған орны Уфа қаласына семьясын көширип алып келиў ушын Москва шәҳәрине отпускаға кетти, деп есаплансын, командировканың мүддети усы жылдың 10-ноябрине шекем созылсын»[49] деген гәплерди оқысақ, Башқуртстан рабочий-дийхан халық комиссариатының 1930-жылы 15-ноябрьдеги №193 буйрығының бесинши пунктине «Совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели жолдас А. Досназаров 16-ноябрьден баслап өзиниң жумысына киристи деп есаплансын,»[50] деген сөзлерди ушыраттық. Солай етип, А. Досназаров туўысқан Башқуртстан республикасында социалистлик нызамлылықты қорғаў ҳәм беккемлеў жумысларына белсене қатнасады.

Аллаяр Досназаровтың Уфа қаласында қанша ўақыт хызмет еткенин анықлай алмадық. Өйткени, биз Башқуртстан АССР рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссариатының 1931-жылғы буйрық шығарыўшы китапшасын таба алмадық. Башқуртстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивиниң директоры Лидия Александрова Пакутина ҳәм биринши категориялы архивист Вакиль Галемзянович Хазиевтиң айтыўына қарағанда, Башқуртстан АССР рабочий-дийхан халық ко-

миссариатының 1931-жылғы буйрық китапшасы мәмлекетлик архивке тапсырылмаған ямаса бир себеплер менен жоғалып кеткен болыўы итимал. Ал 1932-жылғы номенклатуралық хызметкерлердиң дизиминде Аллаяр Досназаровтың аты көринбейди, ал «Халисов М. Б.» деген адам совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели болып ислейди ҳәм оған ай сайын 240 манат муғдарында хызмет ҳақы төленеди. Башқуртстан АССР рабочий-дийхан инспекциясы халық комиссары Носовтың қол қойыўы менен бул кисиге төмендеги гүўалық бериледи: «Бул гүўалықтың ийеси Башқуртстан обкомының совет аппаратын тазалаў бойынша комиссияның председатели жолдас М. Б. Халисов 1932-жылдың 15-майынан 20-майына шекемги ўақытта совет аппаратын тазалаў иси бойынша Чишминский районына командировкаға жибериледи».[51]

Башқуртстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивиниң жоқарыда атап көрсетилген документлерине қарағанда, Аллаяр Досназаров 1931-жылы Уфа қаласынан Москва шәҳәрине қайтып келген болыўы итимал. Булай етип болжаўымызға Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивинде сақланған төмендеги документлер де тийкар бола алады. Мәселен, Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң қасындағы Қарақалпақстан АССР Турақлы ўәкилханасының баслығы Қасым Әўезовтың телеграммасын оқыйық: «Төрткүл, Обкомға. Досназаров Аллаяр Төрткүлге барып ислеўге разылық билдирди. Сиз оны қандай жумысқа пайдаланатуғыныңызды ВКП (б) Орайлық Комитетине, копиясын турақлы ўәкилханаға телеграф арқалы хабарлаңыз».[52]

Тилекке қарсы, бул телеграмманың анық сәнеси көрсетилмеген. Солайда болса, Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивинде сақланған басқа документлерге салыстыра отырып, бул телеграмманың қашан жиберилгенин шамалаўымызға болады. Мәселен, 1931-жылы 17-августта Қ. Әўезовқа төмендеги справка жазылады. «Справка. Бериледи бул справка жолдас Әўезов Қасымға сол туўралы, ол ҳақыйқатында 3-декабрьден баслап (қайсы жылы екени справкада көрсетилмеген.—Б. Қ.) 1931-жылдың 25-августына шекем Пүткил Союзлық Орайлық Атқарыў комитетиниң қасындағы Қарақалпақстан автономиялы областы ту-



рақлы ўәкилханасының баслығы лаўазымына ийе болды ҳәм обкомның екинши секретары болып ислеўи ушын Қарақалпақстан обкомының қараўына шақырып алынды. Турақлы ўәкилхананың председатели Өтенияз Бекимбетов».[53]

Ҳақыйқатында Қарақалпақстан автономиялы областының автономиялы республикаға айланыўына байланыслы белгили жазыўшы ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Қ. Әўезов Москвадан шақырылып алынып, дәслеп ВКП (б) Қарақалпақстан обкомының екинши секретары, ал 1932-жылы 25—27-майда болып өткен Қарақалпақстан АССР Советлериниң 1 шөлкемлестириў съездинде автономиялы республикамыздың Халық Комиссарлар Советиниң председатели болып тастыйықланды. Бул фактлер жоқарыдағы телеграмманың 1931-жылдың биринши ярымында, атап айтқанда Қ. Әўезовтың Москвада Қарақалпақстан автономиялы областының турақлы ўәкилханасының председатели болып ислеп турған ўақтында жазылғанын тастыйықлайды. Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архивинен биз Қ. Әўезовтың бул телеграммасына қандай жуўап қайтарылғанын таба алмадық. Солай да болса, биз архивте сақланған мийнеткешлердиң жазған хатларын үйрениў арқалы гейпара басшы хызметкерлердиң арзаларды өз ўақтында оператив түрде шешпегенин ҳәм қағазпазлық жолына түсип кеткенин байқап қалдық.

Мәселен, атақлы қарақалпақ жазыўшысы, болажақ илимпазы Нәжим Дәўқараев 1932-жылы 30-сентябрьде Ташкент қаласындағы Қарақалпақстан АССР ының турақлы ўәкилханасына мынадай билдириўди жоллайды: «Усының менен Сизлерге төмендегилерди хабарлайман. 1928-жылы мен ВКП (б) Қарақалпақстан обкомы тәрепинен Оренбург педагогикалық институтына командировкаға жиберилген едим ҳәм оны 1932-жылы август айында питкерип шықтым. Оқыўды питкергеннен кейин мен Төрткүлге қайтқанды мақул көрдим. Бирақ, Институт мени жибермеди ҳәм Уральск педагогикалық институтына командировкаға жоллады. Ҳәзирги ўақытта мен Уральск қаласындағы пединститутта тил ҳәм әдебият оқытыўшысы сыпатында ислеп атырман. Қарақалпақстанда ислегенди мақул көремен, бирақ мени бул жер жибермейди. Бул туўралы мен Садуллаевқа ҳәм Нурмухамедовқа телег-

рамма берген едим, олардан еле жуўап ала алмадым.
Енди усы хат пенен ОблОНО ҳәм пединституттың
дирекциясы арқалы мени шақырып алыўыңызды өти-
немен. Бул исте маған Сиз жәрдем ете алады, деп
ойлайман.

Мениң өзим Қоңырат районы 7-аўыл—Соркөлде
туўылғанман, миллетим—қарақалпақ. Бул хаттың жуў-
абын күтә тез ўақыт ишинде телеграмма арқалы ме-
ниң адресиме хабарлаўыңызды соранаман. Егер Сиз-
лер шақыртқан болсаңыз, мен ҳеш иркилместен Таш-
кент арқалы жетип бараман. Мениң адресим: Уральск
қаласы, Советская көшеси, 109 жай, Дәўқараев Нә-
жим».[54]

Ташкент қаласындағы Қарақалпақстан АССРының
турақлы ўәкилханасы Н. Дәўқараевтың жоқарыдағы
арзасын ҚҚАССР Орайлық Атқарыў комитетине жол-
лайды, ал ол өз нәўбетинде буны Қарақалпақстан
АССР Билимлендириў халық комиссариатына тапсы-
рады. Ташкент қаласындағы Турақлы ўәкилхананың
Дәўқараев арзасы тийкарында жоллаған №2265 қат-
нас қағазының мазмуны бойынша Орайлық Атқарыў
Комитетиниң секретары жолдас Рамазановтың шығар-
ған резолюциясында төмендегише хабар етиледи: «Ур-
альск пединститутының муғаллими Дәўқараевты ол
жақтағы жумыстан шақырып алыўыңыз зәрүр, өйт-
кени, ол Билимлендириў халық комиссариаты тараўы
бойынша жумыстың барлық талапларына жуўап бе-
реди. Көрилген илажлар ҳаққында Орайлық Атқарыў
Комитетине хабарлаңыз».[55]

Усылай етип, бир мәкеме екинши мәкемеге, ол өз
нәўбетинде үшиншисине хат жазып, жиберген қатнас
қағазларынан оңлы жуўап аламан дегенше арадан
бирнеше жыл өтип кетеди. Усының салдарынан Н. Дәў-
қараев 1932-жылы Қарақалпақстанға келе алмайды.
Ол Уральск пединститутында 1934-жылдың 19-июли-
не шекем ислеп қалыўға мәжбүр болады.

Жоқарыда атап өтилген себеплерге байланыслы
Қарақалпақстан обкомы ВКП (б) Орайлық Комитети
ҳәм Пүткил Россиялық Атқарыў Комитетиниң қасын-
дағы Қарақалпақстан автономиялы областының ту-
рақлы ўәкилханасына Аллаяр Досназаровты қандай
жумысқа пайдаланатуғыны ҳаққында өз ўақтында
хабарлай алмаған болыўы итимал. Сонлықтан ВКП(б)
Орайлық Комитети революцияға шекемги жумыс



стажына ийе рабочий кадр, Я. М. Свердлов атындағы
коммунистлик университетин питкерген Аллаяр Дос-
назаровты Москва қаласындағы ири санаат кәрханасы
есапланған «Металлопрес» артелиниң басқарма пред-
седатели етип тайынлайды. Ол өмириниң ақырғы жыл-
ларында Москва шәҳәриндеги «Металлострой» тresти
басқарыўшысының орынбасары болып ислеп, пайтах-
тымыздың санаатын раўажландырыўға тийисли үлес
қосты. Ҳәзирги ўақытта «Қарақалпақстан АССРы та-
рийхы» (том II Ташкент, 1974, 129-бет. Нөкис 1977-
жыл, 152-бет), «Өзбек совет энциклопедиясы» (том
IV, Ташкент, 1973, 157-бет) ҳәм басқа да коллектив-
лик мийнетлер менен монографияларда басылып жүр-
ген А. Досназаровтың фото сүўретиниң өз мәҳәлинде
Москва қаласындағы ҳүрмет тахталарының бирине
қойылыўы бизиң бул пикиримизге дәлил бола алады.

Қарақалпақ халқының даңқлы перзенти Аллаяр
Досназаров қай жерде оқыса да, қайсы хызмет орнын-
да ислесе де, өзиниң туўылған үлкесин бир минут та
есинен шығармады. Ол 20—30-жылларда пүткилсоюз-
лық көлемде қарақалпақ миллетиниң ўәкили сыпатын-
да кеңнен танылды. Аллаяр Досназаровтың жоқары
партиялық ҳәм ҳүкимет трибуналарында шығып сөй-
леген сөзлери менен мақалалары өз мәҳәлинде орай-
лық баспа сөзде—«Правда», «Известия», «Советская
степь» газеталарында, «Революционный Восток», «Орта
Азияның халық хожалығы» усаған журналларда, Пүт-
кил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитети сессияла-
рының стенографиялық есапларында басылып шықты
ҳәм биз соңғы жылларда оларды орайлық қалаларда-
ғы мәмлекетлик архивлер менен китапханалардан из-
леп таўып, фотокопиясын жергиликли баспа сөзде
дағазаладық. Нөкис телевидениесинде көрсеттик ҳәм
республикалық тарийх-үлке таныў музейине әкелип
тапсырдық. Бул мийнетлеринде А. Досназаров қара-
қалпақ халқының революциядан бурынғы аўыр тур-
мысын, автономиялы республикамыздың совет ҳүки-
мети жылларында социалистлик қурылыс тараўында
ерискен табысларын исенимли фактлар мысалында
көрсетип берди.

Усылардан биз А. Досназаровтың «Қарақалпақстан
АССР ының он жыллығына» атлы мийнетин азы-кем
анализ еткенди мақул көрдик. Бул мақала дүнья жү-
зилик үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болған Орта

Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселесине арналып, миллий ҳәм колониаллық проблемаларды үйрениўши пүткилсоюзлық илимий-изертлеў ассоциациясының органы «Революционный Восток» журналында (Москва, 1934-жыл, №6 (28), 173—180-бетлер) басылып шықты.

«Революциядан бурынғы Қарақалпақстан, — деп көрсетти А. Досназаров өз мийнетинде,—бул ақ патшаның пахта жетистириўши колониясы болып, метрополияның тоқымашылық кәрханаларын шийки зат пенен тәмийинледи. Қаракөл терилерин жетистиретуғын қой өсириўшилик тараўы да үлкен әҳмийетке ийе болып, Россияның базарларына өз өнимлерин шығарып турды.

Усының менен бирге Қарақалпақстан рус капиталистлериниң ислеп шығарған товарларын сатыўшы базары да болып, олар бул жерде қайта ислеўши санааттың жоқлығынан ҳәм колониаллық аўҳалынан пайдаланып, жергиликли мийнеткеш дийханлар массасын орта әсирдеги феодаллардан кем таламады. Қарақалпақстанның мийнеткешлер массасы жергиликли феодал байлар ҳәм жаңа туўылып киятырған миллий буржуазияның эксплуатациясынан да кем азап шеккен жоқ. Хийўа ханлары, молла-ийшанлар, байлар өзлериниң байлығы менен күшинен пайдаланып, рус капиталистлери ҳәм помещиклери менен бирликте оларға ҳәр қыйлы алым ҳәм салықлар салып, аямай таллады».[56]

Октябрь революциясына шекем аўыр турмысты өз басынан кеширген Аллаяр Досназаров, биринши жағынан, жергиликли молла-ийшанлар менен байлардың, Хийўа ханының ҳәмелдарлары менен рус капиталистлериниң қалайынша байлықлар топлап атырғанын, екинши жағынан, жергиликли мийнеткешлер массасының мал-мүлкинен айрылып, жалланбалы батрак ҳәм рабочийға айланып баратырғанын исенимли фактлер тийкарында ашып берди. Усының менен бирге ол патша Россиясының колониаллық сиясатының бир миллет ўәкиллерин екинши миллет ўәкиллерине қарсы қойып, мийнеткешлер массасы арасында миллий алаўызлықты туўдырыўы нәтийжесинде оларға өзлериниң экономикалық ҳәм сиясий аўҳалын жақсылаў ушын гүреске биригиўине мүмкиншилик бермегенин әшкара етти. Үстем класс ўәкиллериниң усындай қарсылықларына ҳәм ҳәрқыйлы ҳийле-сумлықларына қарамастан Қарақалпақстан мийнеткешлери рус пролетариаты менен бирликте Коммунистлик партияның басшылығы астында 1917-жылдың ақырында Петро-Александровск (ҳәзирги Төрткүл) қаласында ўақытша ҳүкиметтиң үстемлигин қулатты ҳәм басқарыў жумыслары солдат-рабочий-дийхан ўәкиллериниң қолына өтти.

«Мийнеткешлер массасының, дийханлардың ҳәм Совет ҳүкиметиниң сиясий үстемликтен шетлетилген, өзлериниң байлықлары ҳәм бурынғы артықмашлықларынан айрылған душпанлары ашықтан-ашық гүрес жолына өтти,—деп жазды Аллаяр Досназаров.—Контрреволюциялық байлар, дин ийелери менен кулаклар тәрепинен қоллап-қуўатлаўға ийе болған олар белгили Хорезм феодалы, жаңа Хорезм Совет Халық Республикасының бас душпаны, сырт ел контрреволюциясы менен байланысқа ийе ҳәм ол жақтан ақша қурал-жарақлар алып, бирнеше жыл даўамында Хорезмде, Қарақалпақстанда феодаллық-капиталистлик тәртиплерди қайта орнатыў ушын тынымсыз гүрескен хан-Жунайдтиң әтирапына топланды.

Байлар, дин ийелери ҳәм кулаклардың қоллап-қуўатлаўына ийе болған Жунайд хан баспашылық ҳәрекетин шөлкемлестирди ҳәм ол бир қанша жылға шекем даўам етти. Баспашыларға қарсы гүрес оғада аўыр болып, барлық ўақытта партия-совет хызметкерлеринен тынымсыз мийнет ҳәм қырағылықты талап етти, олардың дыққатын хожалық ҳәм мәдений қурылыс ўазыйпаларынан басқа жаққа аўдарып турды».[57]

1918—1921-жылларда Қызыл Армияда әскер ҳәм Хорезм Совет Социалистлик Республикасында Қадағалаў комиссиясының председатели болып ислеген Аллаяр Досназаров баспашылар ҳәрекетин пүткиллей қыйратып, аўыл ҳәм қалаларда Совет ҳүкиметин беккемлеў, биринши жер жүзилик урыс дәўиринде ўайран болған халық хожалығын социалистлик тийкарда қайта тиклеў ушын Коммунистлик партия тәрепинен қандай илажлардың қолланылғанын исенимли фактлер мысалында көрсетип берди.

«1924—1925-жылларда,—деп жазды Аллаяр Досназаров,—Орта Азияда миллий-мәмлекетлик шегаралардың белгилениўине байланыслы Қазақстан Совет Социалистлик Республикасының составында Қарақал-

пақстан автономиялы областы шөлкемлестирилди, соңынан ол 1932-жылы РСФСР дың составында АССР болып қайта дүзилип, ВКП(б) Обкомы—ВКП(б) Орайлық Комитетиниң Орта Азиялық бюросына қараслы болды.

Совет Қарақалпақстаны—бул Октябрь Социалистлик революциясының перзенти, Коммунистлик партияның ленинлик миллет сиясатының перзенти.

Қазақстан ССР ының составында Қарақалпақстанның автономиялы область болып дүзилиўи мийнеткешлер массасы тәрепинен күтә қуўанышлы түрде қарсы алынды, олар бизиң партиямыздың басшылығы астында өзлериниң турмысын жаңа социалистлик басламада қурыўға, формасы бойынша миллетлик, мазмуны бойынша социалистлик мәдениятын дүзиўге мүмкиншилик алды.

Ақпатшаның бурынғы колониясы болған Қарақалпақстан ҳәзир Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы экономикалық ҳәм мәдений қурылыс фронтында күтә ири табысларды қолға киргизди».[58]

Аллаяр Досназаров өзиниң бул пикирлерин характерли мағлыўматлар менен тастыйықлайды. Мәселен 1913-жылы 9266 гектар жерге пахта егилген болса, 1930-жылы оның көлеми 5 ярым есе дерлик өсти ямаса 51170 гектарға жетти. Сондай-ақ 1934-жылы 24000 гектар жерге жоңышқа. 35000 гектар жерге дәнли егинлер егилди ҳәм алынатуғын зүрәәттиң муғдары көбейди.[59]

«Қарақалпақстан мийнеткешлери санаат тараўында да үлкен табысларға еристи,—деп жазды А. Досназаров.—Қысқа ўақыт ишинде 5—6 пахта тазалайтуғын завод, жоңышқа тухымын тазалайтуғын завод, пуў менен ислейтуғын унқараз, электр станциясы қурылды. Мойнақта нырқы, 7000000 манат жылына 10000000 қуты ислеп шығарыў қуўатына ийе ири балық консерва заводы қурылып атыр. Хожели қаласында май шығарыўшы завод, Нөкис шәҳәринде ремонт-механика заводы қурылып атыр».[60]

Өзиниң туўылған республикасының турмысын үлкен қызығыўшылық пенен бақлап барған А. Досназаров Қарақалпақстан мийнеткешлериниң мәдений қурылыс тараўында ерискен табысларын шын перзентлик сезими менен мақтанышлы кейипте былайынша көрсетип өтеди: «Саўатлылықтың өсиў дәрежеси туў-



ралы биз төмендеги мағлыўматларға тийкарланып пикир жүргизиўимиз мүмкин,—деп жазды Аллаяр Досназаров,—Октябрь революциясына шекем саўатлы адамлардың саны тек 1 процент болса, 1928-жылы 7 процент, ал 1934-жылы 32 процент болды. Оқыўға миннетли балалардың 70 проценти мектепке тартылды (38500), олар 597 мектепте билим алып атыр, 4 республикалық ҳәм 3 жергиликли газета басып шығарылады... Республикада 500 китапхана, 61 клуб, 12 қызыл үй, 10 дийханлар үйи, 3 парткабинет ҳәм 63 оқыў үйи ислеп тур. Бир мәмлекетлик театр ҳәм районларда оның 6 филиалы бар. Бурын мийнеткеш дийханлар массасы театр ҳаққында әрман ете алмаған еди. Қарақалпақ көркем әдебиятының өсиўиниң ең ири табысы сыпатында мойынлаўымыз тийис. Талантлы шайырларымыз көзге түсип киятыр ҳәм олар қосықлар, поэмалар, пьесалар, гүрриңлер, критикалық мақалалар формасындағы көплеген ең жақсы көркем шығармаларын дөретти».[61]

Социалистлик қурылыс тараўындағы бул жоқарыда көрсетип өтилген табыслар қатаң класслық гүрес жағдайында қолға киргизилди. Бурынғы бай, кулаклар менен молла-ийшанлар колхоз қурылысын иштен ыдыратыўға урынды, олар партия-совет органларына жасырын түрде кирип алып, социалистлик қурылыс исине үлкен зыян келтириўге урынды: колхоз малын сойып жеди, машиналарды билқастан бузды, мәмлекетлик мүликти талан-тараж етти, план ҳәм тапсырмалардың орынланыўын үзилиске түсирди, есап-санақ тараўында мәмлекетти алдаў, жекке хожалықлардың мал-мүлкин жасырып қалыў ҳәм егилмеген жер көлемин егилди, деп қосып жазыў усаған унамсыз қубылыслар орын алып, усының салдарынан Қарақалпақстан АССР ының халық хожалығы әдеўир зәлел көрди. Аллаяр Досназаров шарўашылық тараўында класслық душпанлардың тийгизген зыянын исенимли мағлыўматлар арқалы дәлиллейди.[62]

Аллаяр Досназаров Қарақалпақстанда маллардың бас санының массалық түрде бундай болып кемип кетиў себеплерин класслық душпанлардың оларды көплеп сойып жеўинде, от-жем проблемасының дурыс шешилмеўинде, 1933-жылы хызмет орнынан босатылған басшы партия-совет хызметкерлериниң бул әҳмийетли жумысқа бюрократлық-кеңеспазлық қатнаста

болғанлығында деп түсиндиреди. Солай етип, А Досназаров бул мақаласында Қарақалпақстан АССРының хожалық, партия ҳәм совет қурылысының барлық буўынларында орын алып киятырған қәте-кемшиликлерди тийкарынан дурыс көрсетти ҳәм оларды қалай дүзетиў ҳаққында өзиниң пайдалы усынысларын усынды.

## АЛЛАЯР ДОСНАЗАРОВ ЗАМАНЛАСЛАРЫНЫҢ ЕСКЕ ТҮСИРИЎЛЕРИНДЕ

Аллаяр Досназаров ВКП(б) Орайлық Комитети Сиясий бюросының мәжилислерине ҳәм Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў Комитетиниң сессияларының жумысларына қатнасып, қарақалпақ халқының тилек-өтинишлерин партия менен ҳүкимет басшыларына өз мәҳәлинде баянлап турды. Сол себепли Қарақалпақстан мийнеткешлери оны өзлериниң миллий қаҳарманы сыпатында танып, ол ҳаққында қызықлы еске түсириўлер, ҳәр түрли аңыз-әпсаналар, қосықлар дөретти. Бизиң ойымызша, Аллаяр Досназаровтың ағайин-туўысқанларының, бирге ислескен ямаса ушырасқан адамларының еске түсириўлерин жыйнаў ҳәм үйрениў —оның ең жақсы адамгершилик қәсийетлерин дурыс түсиниўимизге жәрдем етеди. Өйткени қарапайым дийхан баласының қалайынша атақлы мәмлекетлик ғайраткер, жай рабочийдан қалайынша саналы коммунист, бир миллеттиң сиясий басшысы болып өсип жетилискенин толық көрсетип бере алатуғын жазба ҳәм баспа дәреклерге биз ҳәзиринше ийе емеспиз. Буның үстине ҳәр қыйлы архивлерде дүзилген гейпара документлер бири екиншисине қайшы келсе, А. Досназаровтың өмириниң ҳәм партиялық-мәмлекетлик хызметиниң айырым тәреплерин сәўлелендиретуғын материаллар сақланбаған ямаса бир себеплер менен жоқ болып кеткенин билемиз. Изертлеп атырған мәселемиздиң усы тәрепин нәзерде тутып, биз заманласларының Аллаяр Досназаров ҳаққындағы еске түсириўлерин қысқаша сөз еткенди мақул көрдик.

— Бизлер жас ўақтымызда Тербенбесте Айырбақан деген әўлийениң қасында отырдық,—деп еске түсиреди Бекбосын ғарры Атағулла улы.—Ақбеткей, Есимниң аяғы, ҳәзирги Қараөзек совхозының арқасындағы Тербенбес, Жартамақ, Нөкис деген жерлерде де болдық. Соң ол жақлардың суўы тартылып, бираз аўыллар Батпақ өткелге, ал бизлер усы жерге—Терис ағарға көшип келдик.

Түркстаннан қарақалпақлар Хорезм ойпатына көшип келгенде қоңыратлылар көл менен тоғайды жағалаған. Сол ўақытта бизлер Көк-өзектиң аяғында мүйтенлер менен бирге қалғанбыз. Аллаяр—бизиң ағайнимиз. Есим Қожым ҳәм Қораз—туўысқан адамлар. Қораздан—Досназар, оннан Аллаяр туўылады. Мүйтенлер арасында бирге отырғанда жас едим. Олар Қарабуғада, ал бизлер усы жерде жасадық. Досназар жүдә гөдек адам еди. Аллаяр хошҳаўаз, оратор еди. Оның бабасы Қораз шешен адам болған.

Бизиң аўылымызда Хожамет деген болыс болды. Бир тойда Аллаяр қотыр тайы менен қызларға ылақ апарған. Хожамет оны услап, жалаңашлап сабаттырған.

Соңынан Аллаяр өз қунын алып, мәрдикарға кетипти. Ол ўақытта ақсүйек—1000 тилла, қул менен нашар адам 500 тилла еди. Аллаярға 1000 тилла жыйнап берипти.[63]

Жоқарыда атап өткенимиздей, Аллаяр Досназаровтың Октябрь революциясына шекемги өмир ҳәм гүрес жолын көрсететуғын архив документлери ҳәзиринше табылмай атыр. Оны жақсы билетуғын ағайин-туўысқанларының усындай еске түсириўлери А. Досназаровтың өмирбаянын анықлаўға ҳәм партиялық-мәмлекетлик хызметин ашық-айдын билиўге жәрдемлести.

«Досназар күтә жарлы еди,—деп еске түсиреди Жийенбек ғарры Алланазар улы.—Баласы обком болып келип, демде атлы-тонлы, инабатлы адам болды. Аллаярдың анасы өлип, Досназар екинши мәртебе Айзадаға үйленди. Аллаяр менен Таңсық—бурынғы ҳаялы Күнбийбиден туўылды. Айзададан Алламберген туўылды. Аллаяр бизден он еки жастай үлкенлеў еди. Ол аўылда көп жүрген жоқ, әскерде болды».[64]

«Аллаяр дәслеп мәрдикарға жалланып кетти,—деп толықтырады Емберген ғарры Пиримбет улы.—Бизиң аўылдың байлары Өтемурат, Өтеп қара деген-лер оның қунын төледи, Әйтек ғарры, Бекназар, Хожамет ғаррылар буның барлығын биледи. Бул — Николайдың 1916-жылғы мәрдикары еди».[65]

Биз Хожаберген улы Хожамет ғаррыдан барып сорағанымызда, ол жоқарыдағы Емберген Пиримбет улының пикирин тастыйықлады ҳәм төмендегише толықтырды: «Аллаяр бизиң аўылға есин билгеннен кейин келди. Ол мәрдикарға кетип, сол жақта Шайдаковқа қосылған. Соң тоғай төреси болып келди де, тағы кешикпей қайтып кетти ҳәм обкомның секретары болып сайланды.»[66]

Бизиң ушырасып гүрриңлескен адамларымыздың арасында Аллаярдың туўысқан қарындасы Таңсық Досназар қызы жигит ағасы жөнинде жүдә исенимли мағлыўматларды айтып берди. «Аллаяр меннен төрт жас үлкен,—деди Таңсық Досназар қызы.—Ол үйде болғанда әкемизден арабша саўатын ашты. Бирақ ол оқыўын узақ даўам ете алмады. Он жасларынан баслап киси есигинде жалланыўға мәжбүр болды. Шымбай қаласындағы Бақшыбай әрмениң, рус ноғайларға дийхан жүрди ҳәм оларға жаранды. Рус инжераллары да хызмет етти. Аллаяр ағам бул жерде де оңыса алмай, Төрткүл шәҳәрине талап излеп кетти ҳәм бир жылдан кейин бизлерди де көширип алды. Бул—1910 жылдың ўақыясы еди. Ол Төрткүлде темир мала менен заводқа пахта тасыды.

Аллаяр мәрдикарға жазылды да, соңынан ол бармайман деп қарсылық билдирди. Оның қунын төлеген адамлар ақшасын талап етти ҳәм ояздың алдына апарды».[67]

Бул даўлардың не менен аяқланғанын ҳәм оның мәрдикарда қайсы жерде хызмет еткенин көрсететуғын бизиң қолымызда ҳешқандай архив документи жоқ. 1917-жылы февральда буржуазиялық-демократиялық революция жеңиске ериседи ҳәм ақ патша тахтынан қулатылып, мәмлекетти басқарыў бийлиги ўақытша ҳүкиметтиң қолына өтеди. Усы ўақыяларға байланыслы алынғанлар мәрдикардан үйлерине қайтарылады. Бул мәселениң мынадай тәреплери де бар. Мәрдикарға барып, тылда хызмет ислеген адамлар соңынан оны өзиниң мийнет дәптершесинде мийнет стажына қоса есаплаған ҳәм өмирбаянында да жазған. Мәселен, атақлы башқурт совет жазыўшысы, көрнекли революционер ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Абзал Мухитдинович Тагиров, белгили журналист Тәмендер Сафиевлардың документлери усындай тәртипте толтырылған.[68] Тилекке қарсы, биз көрген архив



дәреклеринде Аллаяр Досназаров ҳаққында бундай мағлыўматларды ҳәзиринше ушыратпадық. Солай да болса замандаслары ол туўралы ҳәрқыйлы әпсаналарды ойлап шығарған. Усындайларға қарап журналист Валентин Бочин «Шымбай—революция майданы» атлы мақаласында: «Аллаяр Досназаров Петроградтағы Путилов заводында жумыс ислеген ўақтында большевиклер партиясына ағза болып кирди»,—деп жазады.[69] Бул пикирди биз көрген архив документлери тастыйықламайды. В. Бочин бунын менен шекленбей, өзиниң қәте пикирин тағы даўам етеди ҳәм ол «бурынғы мәрдикар Ибрайым Бекимбетов Қарақалпақстан областьлық атқарыў комитетиниң председатели лаўазымын ийелейди»,—деп жазады. Бундай мағлыўматлар архив документлери менен орайлық баспа сөзде жарияланған некрологке қарама-қарсы келеди.[70]

Пикиримиз исенимли болыў ушын Аллаяр Досназаровтың замандасларының еске түсириўлеринен мысал келтиремиз: «Досназаровты мен 1909-жылдан берли билемен,—деп мағлыўмат береди Нурназар Мәўленов.—Мен Мерецкий деген чиновникте, ол тоғай төресинде хызмет ислеп жүрди. Суўын тасыды, отын жақты. Ол ўақытта Төрткүл қаласында әке-шешеси, қарындасы, инилери де жасайтуғын еди. Өзлери қарабуғалы еди.

Төресиниң адамларының арасында большевиклер партиясының жасырын шөлкемлериниң ағзалары болса керек. Хожейинниң өзи де солардан шығар деп ойлайман. Ол рус адамы еди. Бул руста Аллаяр армияға кеткенге шекем хызмет етти. Мен 1916-жылы мәрдикарға кеттим. 1917-жылы қайтып келип, Нөкис разведка командасында болдық. Досназаров та бизлер менен бирге болды. Үш взводтан бир эскадрон дүзилди. Баничкин—атлы әскерлериниң командири еди. Аллаяр Баничкинниң отрядында болды. Ол Қаратаў, Шылпық, Назархан, Хожакөл, Қызкеткен, Нөкистеги саўашларға қатнасты. Қаратаўдағы урыста аты жардан қулап, душпанлардың қолына түсирмей, оны аман қутқарып қалдық»...[71]

Бундай мағлыўматларды Аллаяр Досназаровтың басқа замандаслары да айтып берди. Мәселен, Арзымов Жаббарберген: «Мен III ротада, ал Оразымбет Халмуратов ҳәм Аллаяр Досназаровлар II ротада хызмет исследи. Аллаяр меннен бир-еки жас үлкен еди.

Ол Ғайнутдийин байдың есигинде дийхан болып жүрди. Ол ҳақыйқат қызыл әскер болды. Аллаяр Хорезмниң ҳәмме жериндеги урысқа қатнасты ҳәм Қызыл Армияда үш жыл хызмет иследи»,—деп еске түсирсе,[72] Оразымбет Халмуратов бул пикирди былайынша толықтырады «Аллаяр Досназаровты мен 1918-жылдан берли таныйман. Ол әскерге бизлер менен бирге жазылды ҳәм Петро-Александровск (ҳәзирги Төрткүл) гарнизонының II ротасында жай қызыл гвардияшы болды. Бул 1918-жылдың аяғынан баслап Қызыл Армия деп аталды. 1918-жылдың гүзинде саўашқа бирге түстик. Бир ноғай келип, түнде түсиник жумысларын алып барды. Бизлерди большевиклер партиясына қабыл еткен бул ноғайдың атын умыттым .Ол ўақытта партияға кириў ушын рекомендация талап етилмейтуғын еди. Мен Аллаяр менен 1920-жылға шекем Қызыл Армияда бирге хызмет еттим. Буннан соң бизлерди басқа ротаға бөлип жиберди.[73]

Аллаяр Досназаровтың Хорезм Халық Республикасында хызмет ислеген дәўири туўралы заманласы Абдулла Ерманов былайынша еске түсиреди:—Мен А. Досназаровты 1920-жылдан берли таныйман. Ол Қызыл Армияда жаўынгер солдат болды. Күтә тәртипли еди. Хорезм республикасында хан Жунайд баспашыларына қарсы гүреске белсене қатнасқаны ушын ХССР әскерий-революциялық кеңесиниң қарары менен Аллаяр Досназаровқа пистолет, наган ҳәм карабин (келте мылтық) сыйлыққа берилди. Оның 60—70 оғы бар еди. Бундай қурал менен ол ўақытта көп адамлар сыйлықлаған еди. Себеби қәўипсизлик сапластырылғанға шекем қурал сақлап жүриў керек болды. Сонлықтан жуўаплы хызметкерлер ол ўақытта қурал сақлап жүретуғын еди.[74] «1920-жылы Қоңыратта Тошмық хан өз нөкерлери менен қыслап жатты,—деп мағлыўмат береди Қудайберген Бекниязов.—Бизлер 1920-жылдың ақырында бир батальон әскер болып келдик. Аллаяр Досназаровтың да бизлер менен бирге Қоңыратқа келгенин билемен. Ол ўақытта Ораз Ерманов, Аллақул Айтақов, Жаббарберген ҳәм Пиржан Бекишовлар районлық партия комитетиниң составында болды. Аллаяр Досназаров усы кисилер менен бирликте Қоңыратта партия шөлкемин қайтадан дүзеди ҳәм оның жуўаплы секретары болып иследи».[75]



Заманласларының еске түсириўлериниң бир бөлеги Аллаяр Досназаровтың пытыраңқы түрде жасап атырған қарақалпақ урыўларын бир миллет қылып, автономиялы областьқа жәмлестириўде ислеген хызметлерин сәўлелендиреди. «Аллаяр 1923-жылы маған үйленди»,—деп еске түсиреди оның зайыбы Зәкийра Фахрутдиновна Ҳәкимова. Мен ол ўақытта Хийўада жасайтуғын едим. Ол солдатлықтан қутылып келип еди. Буннан бурын Аллаяр Москвада бир ярым жылдай оқыған. Сөйтип бизлер Шымбайға көшип келдик. Ол 3—4 ай даўамында округлик партия комитетинде иследи де, соң 1924-жылы Ташкентке кетти ҳәм Қарақалпақстан автономиялы областы атағын алыў жумысын қолға алды. Соң бул материалларды алып Москваға кетти, Аллаяр қайда барса, мен де соның менен бирге болдым. Москваға барғаннан соң Ибрайым Бекимбетов пенен бирликте сол материалларды толықтырды. Қарақалпақстан автономиялы область атағын алған ўақытта мен Москвадағы емлеўханада туңғыш қызымды туўдым. Қазақстанның ўәкили оған Еркин деп ат қойды. Бизлер киятырып Ташкентке түстик. Аллаяр жумысқа адам керек, деп Қасым Әўезовты, Жумабай Қурбановты оқыўдан шығарып алды. Қызыл-Ордадан Әбиў Қудабаевты, Фатийманы да алып қайтқан еди. Төрткүлге келгеннен соң ол Қасым Әўезовқа турмысқа шықты.

Ташкенттен Чаржаўға шекем поезд бенен, Чаржаўдан Төрткүлге шекем еки үлкен қайық пенен келдик. Аллаяр Чаржаўдан 25 әскер, еки қол пулеметин алды. Ол ўақытта хан Жанеўиттиң баспашылары еле бар еди. Ақбаслыдан бизлерди түсирип, тағы қайтадан мингизип, тоғыз күнде салдаў менен Төрткүлге алып келди. Барлық солдатларды интернатқа түсирди. Мен пахта тазалаў заводында Таңсықтың үйине келдим. Сол жерде Аллаяр обком секретары болып еки қыстай иследи».[76]

Бул еске түсириўлер сол ўақыттағы турмыс қыйыншылықларын, адамлар арасындағы қарым-қатнасларды дурыс аңғарыўымызға жәрдем етеди: «Аллаяр Досназаров 1923-жылы жазда Шымбай округлик партия комитетине жумысқа келди,—деп еске түсиреди Ималатдийин Исматуллаев.—Окружком секретары Жумаш Тоқымбетов деген адам еди. Ол сиясий-ағартыў бөлиминиң баслығы болып иследи. Сол жылы оны Таш-

кентке оқыўға жиберди ҳәм Түркстан республикасының съездине қатнасты. Сол жерде оқыў жабылып, Аллаяр Төрткүлге келди ҳәм областьлық тоғай хожалығынын баслығы болып исследи. Оннан кейин Әмиўдәрья областьлық партия конференциясында Аллаяр Досназаров партия қадағалаў комиссиясының председатели болып сайланды ҳәм 1923-жылдың ақыры 1924-жылдың басларында ол усы жумыста исследи. Ол Тәжим Непесов пенен келисе алмады. Т. Непесов обком секретары еди. Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўге таярлықлар жүрип атырғанда Тәжим Непесов: Аллаяр Досназаров—қарақалпақ миллетиниң ўәкили емес деп оның үстинен РКП (б) Орайлық Комитетине ҳәм оның Орта Азиялық бюросына шағым-арзалар жиберди.[77]

Биз бул жумысымызда ҳәр қандай жалған петициялар менен шағым-арзаларға қарамастан РКП (б) Орайлық Комитети менен оның Орта Азия бюросы Аллаяр Досназаровты қарақалпақ миллетиниң ўәкили деп танып, жоқары партиялық ҳәм ҳүкиметлик трибуналарда турып қарақалпақ халқының атынан шығып сөйлеўине толық ҳуқық бергенлигин айтқан едик.

Заманласлары Аллаяр Досназаровтың бул үлкен мәжилислерде шығып сөйлеген сөзлерин усы күнге шекем әпсана қылып тәрийплеп жүр. «Қарақалпақ халқының тарийхын, санын Аллаяр Султанбий ҳәм Арзыбет қазыдан алды»,—деп еске түсиреди Ембербен ғарры Пиримбет улы.—Ол Коммунистлик университетте оқып жүрип, каникулға келгенде аўылда ўаз айтатуғын еди. Миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеўде Аллаяр қарақалпақлардың миллий кийимлерин жыйнады. Шөгирме, бәйкеми етик, шапан, қосбаўы, түйе жүнинен тоқылған шекпен—тек еркеклер кийимлерин апарған. Мәжилисте бир-еки қарақалпақ намасын атқарған. М. И. Калинин Аллаярдың арқасынан қаққан. Ол биринши рет барғанда бос қайтты, екинши рет барғанында қарақалпаққа миллет атағын алып қайтты».[78] Бундай әпсананы Хожамет ғарры Хожамберген улы да айтып берген еди:—Ол Калинин менен ушырасқан. Аллаяр Калининге: «Биз азып-тозып, азайып қалған елмиз. Хийўа ханлары бизди сансыз мәртебе шаўып, ўайраншылыққа ушыратқан. Қулақ-мурнын кесип, кемеге мингизген, сүргинге айдап әкеткен. Сонда «Бир басқа бир қулақ



болды, яранлар» деген қосық дөретилген. Ол Түркстаннан ески шежирени тапқан. Қарақалпақлар көп. Манғыт дегенде, Қытай, Қыпшақ дегенде қарақалпақ урыўлары есапланады. Усыларды айтып, қосықты атқарып, М. И. Калининнен теңлик сорадым. Ол арқамнан қақты»—дейтуғын еди.[79]

Әлбетте, өзлериниң халық қосықларын қәстерлеп сақлап киятырған миллетлерди бахытлы миллет, деп айтысады. Қарақалпақлар да усындай бахытлы миллетлердиң биринен саналады. Өйткени, бизиң халқымыз өзлериниң басынан кеширген ҳәр қандай тарийхый ўақыяларды көркем сөз арқалы реаль сәўлелендирди. Бул халық қосықлары пытыраңқы түрде жасап атырған қарақалпақ мийнеткешлерин пүтин бир миллет қылып бириктириўде ҳәм олардың миллий өзиншеликлерин дәлиллеўде үлкен әҳмийетке ийе болды. Сонлықтан Аллаяр Досназааров өзиниң шығып сөйлеген сөзлеринде халық қосықларынан кеңнен пайдаланғанын заманласлары бир неше мәртебе еске түсирип өтеди. Олардың биразы А. Досназаров «Бозатаў» қосығын атқарды десе, екинши биреўлери «Бир басқа бир қулақ болды, яранлар» деген қосықты айтыпты, деседи.

Әжинияз шайырдың «Бозатаў» поэмасының қарақалпақ халқының миллий қосығына айланып кеткенлиги ҳәммеге мәлим болғанлықтан, биз Хожамет ғарры айтқан жоқарыдағы қосықтың дөрелиў тарийхына қысқаша тоқтағанды мақул көрдик.

1855—1856-жылларда қарақалпақ халқы Ерназар алакөздиң жол басшылығы астында Хийўа ханына қарсы көтерилис шығарды. Бул 1827—1828-жыллардағы Айдос бийдиң басшылығындағы көтерилисте көлеми ҳәм характери бойынша үлкен айырмашылыққа ийе болып, гүлләп қарақалпақ урыўларын бириктириўди өз алдына ўазыйпа етип қойды. Усындай мақсет пенен ҳәмме жаққа хатлар жазылып, шабарманлар жибериледи. Аққамыс ҳәм Шыбықлы деген жерлерде жасайтуғын қыпшақ урыўының басшысы Сырым өзине тийисли мәрт жигитлерди ертип, Ерназар алакөзге қосылыў ушын сапарға атланады. Тилекке қарсы, Хийўа ханының ҳәмелдарлары оларды Қаратаўға жеткен жерде услап алып, аяўсыз жазалайды; қулақ-мурнын кесип алып, өзлерине жегизеди. Бул — жаўыз хан ҳәм патшалардың барлығына тән

усыл болып, усыдан кейин қыпшақ Сырым «Сырым шунақ» деп аталып кетеди. Қосықта тилге алынған Зарлық хан, Жуманияз алақуш, Бекимбет инақ, Сайым дегенлер де тарийхта болған адамлар, сондай-ақ бул қосықты дөреткен автор да бизге белгили, ол қыпшақ Сырымның батыр жигитлериниң бири—Сайекетаз. Аўыздан аўызға өтиў арқалы бул шығарма халық қосығына айланып кеткен ҳәм қыссаханлардың репертуарларына кеңнен енгизилген.

Зарлық хан—хан болды, бизлер аламан,
Сен кете бер, мен Қыпшақта қаламан,
Күнлик ислеп, шапан кийип бараман,
Қулағым ашып, жаным шығып баратыр.
Жуманияз алақуш Бекимбет инақ
Қыпшақтың жолында кесилди қулақ,
Бул ислерге себеп ол—Сырым шунақ,
Қулағым ашып, жаным шығып баратыр.[80]

Сырым шунақ ўақыясы ҳәзирги күнге дейин ел аўзында аңыз болып айтылып киятырған болса, жоқарыда мысалға алынған қосық өзиниң көплеген халықлық вариантына ийе. Мәселен, 1982-жылы 27-декабрьде Қарақалпақстан халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтың туўылғанына 100 жыл толыў юбилейи белгиленди. Сол күни жыраўдың баласы Сатым Қурбанбаев көп ғаррыларды үйине жыйнады ҳәм Әмирабадтан келген Рейим аға Нуржанов Сырым қыпшақ ҳаққында узақ гүрриң қылған болса, Қарақалпақстан халық художниги Қәўендер Бердимуратов «бул қосықты мен жас гезимде әкемнен еситтим. Онда китап бар еди»,—деп ядында қалған қатарларынан айтып берди.

Хийўалы қурысын, жаў болды жаман
Мың қәтле шүкир, келлемиз аман,
Шекең басып, сен бирнеге жылайсаң,
Бекеңниң қулағы сеннен де жаман.[81]

Бизиң ойымызша, Аллаяр Досназаров Хийўа ханларының қарақалпақ мийнеткешлерине көрсеткен жәбир-зулымлықларын дәлиллеў ушын өзиниң сөзинде усындай халық қосықларынан кеңнен пайдаланған болыўы гүмансыз.

Заманласларының еске түсириўлериниң айырымлары Аллаяр Досназаровтың қарақалпақ дийханының қалайынша саналы гүресшең болып өсип жетилискенин сәўлелендиреди. Қызыл армияда хызмет қылыў, Коммунистлик жоқарғы оқыў орнында билим алыў ҳәм көрнекли партиялық, мәмлекетлик ғайраткерлер менен бирге ислесиўи Аллаяр Досназаровтың саналы коммунист болып жетилисиўине жәрдемлести.



Заманласларының еске түсириўлеринде Аллаяр Досназаровтың минез-қулқы ҳәм ең жақсы адамгершилик қәсийетлери сәўлеленеди.—«Ол кисиниң еки жақсы қәсийети бар еди,—деп билдиреди зайыбы Зәкийра Ҳәкимова.—Ол дүнья жыйнаўға ҳеш қызықпады. Менде бир, сенде бир чемодан болса, болғаны дейтуғын еди. Ленин де дүнья жыйыўға қызықпады. Оның да бир костюмы, бир чемоданы болды, деп дүнья жыйнатпады. Мен обком секретарының ҳаялы болсам да, жасанып кийим кийип көрмедим. Екинши бир жақсы қәсийети: ол күтә ақ көкирек адам болып, өзиниң қуўанышын да, қайғысын да досларынан жасырмай айта беретуғын еди. Мен биринши қызымды туўғанымда Аллаяр М. И. Калининге барыпты. Ол сүйиншиге 50 манат берипти. Екинши қызым—Үмитти мен Москвадағы Н. К. Крупская атындағы емлеўханада туўдым. Надежда Константиновна туўыў үйине келип көрип, мени ҳәм қызымды сүйди».[82]

Бул Аллаяр Досназаровтың қуўанған ўақыттағы ҳәрекетлери болса, заманласы Арзымов Аманбай оның қыйналған ўақыттағы ой-сезимлерин былайынша сүўретлейди: «Аллаяр Досназаров 1924-жылы Төрткүл қаласында Лениниң өлимине бағышланған матам жыйналысын басқарды. Ол шапкасын қолына алып тикейип турып жылап жиберди. Ҳәммемиз оған қосылысып жыладық».[83]

Заманласлары А. Досназаровты жетим-жесирлердиң маңлайынан сыйпайтуғын, ғәрип-қәсерлерге ғамхорлық қылып, барын берип кететуғын күтә қайырсақаўатлы адам ретинде тәриплейди.

— 1924-жылы Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеген ўақытта бизлер интернаттың 105 баласы Төрткүлден Ташкентке оқыўға кеттик,—деп еске түсиреди Жуманияз Матқаримов.—Сол жерде бизлер дерлик барлығымыз оқыўға кире алмадық. 80 бала көшеде қаңғырып жүр едик. Ол Пушкин көшесиндеги консерваторияға жақын жерден бизлерге бир жай таўып орналастырды,

аўқатландырды. 20 күн, бир айға дейин барлық қаражетти өзи төледи. Ол жерде Досназаровтан басқа бизлерге қәўендер табылмады. Аллаяр РКП (б) Орайлық Комитетиниң Орта Азиялық бюросында қандай мәселе қаралса, сол туўралы балаларға түсиник беретуғын еди. Ол бизлерди оқыўға киргиземен, деп оқыў орынларының басшылары менен даўласып жүрди. Аллаяр Досназаров: «Оқың, оқың жәнe оқың. Сон арза берсең де, оқыўға кире алмайсаң»—дер еди. Ол хатты аз билседе сөзи дурыс адам еди».[84]

А. Досназаров ғамхорлық етип, оқыўға киргизген балалардың арасынан келешекте белгили қарақалпақ алымлары менен жазыўшылары, халық хожалығының түрли тараўлары бойынша қәнийгелер өсип жетилисти. Пикиримиз исенимли болыўы ушын еки-үш мысал келтиремиз.

— Мен Аллаяр Досназаров пенен 1924-жылы Ташкент қаласында ушырастым,—деп еске түсиреди педагогика илимлериниң докторы Жумек аға Орынбаев. Ол автономиялы область атағын алайын деп жүрген еди. Оқыўға кире алмаған едим. Оған барып жолықтым. Мениң қай миллет, қайсы жерден екенимди сорады. Мен: «Қарақалпақ, майлы балта Асқар қазының баласыман»,—деп өзимди таныстырдым. Ол ата-анамды биледи екен. «Айналайын қарағым» деп қушақлап бетимнен сүйди. «Тарығып жүрген шығарсаң», —деп маған ақша берди.—Соң әкең менен өзим есапласаман»,—деди. Мениң басымда азғана жара бар еди. Оқыў орыны қабыл етпеди. Аллаяр аға мени емлеўханаға орналастырды ҳәм емленип шыққаннан кейин мен оқыўымды тағы да даўам еттим».[85]

«Мен 1924-жылы Ташкентке оқыўға барған едим, —деп еске түсиреди Мурат Мухамедов.—Мени кишикене деп оқыўға алмады. Аллаяр аға мени өзиниң үйинде сақлады. Маған кийим ҳәм тамақ таўып берди. Келеси жылы қолымнан жетелеп жүрип, мени медицина техникумына киргизди. Соңынан мен Дондағы Ростов медицина институтында оқыдым ҳәм питкерип шықтым. Аўылға келиўге қәрежетим болмай, каникулды Москвада Аллаяр ағаның үйинде өткеретуғын едим. Ол кисини мен 1922-жылдан берли билемен. Ол мениң жигит ағам менен Қызыл Армияда бирге хызмет еткен еди. Аллаяр Досназаров минези жақсы,



адамгершиликли, партиялық ҳүжданы таза, принципиаль коммунист еди».[86]

Мурат Мухамедовтың бул еске түсириўлери архив документлерине сәйкес келеди. Мәселен, ҚҚАССР Орайлық мәмлекетлик архивинде сақланған 1926-жылға тийисли бир документте «Пирмухамедов Төремурат, 1910-жылы туўылған, Ташкент медицина техникумының студенти, рус ҳәм мусылман тиллерин жақсы биледи»,—деп көрсетилсе,[87] 1932-жылы 10-апрельде Қарақалпақстан АССР ден саўлықты сақлаў халық комиссары А. Қантарбаев СССР Орайлық Атқарыў Комитетиниң жанындағы Қарақалпақстан АССР ының турақлы ўәкилханасына төмендеги телеграмманы жоллайды: «Москва, Турақлы ўәкилханаға, Дондағы Ростов медицина институтын 1932-жылы декабрьде питкерип шығатуғын Қарақалпақстанның биринши врачы Пирмухамедовты бизиң қараўымызға жибериўиңизди сораман. Бул туўралы институт дирекциясына хабарлап қойыңыз. Ден саўлықты сақлаў халық комиссары А. Қантарбаев. 1932-жыл, 10-апрель»[88] Бул жерде ескерте кететуғын бир нәрсе бар: Пирмухамедов Төремурат соңынан «пир» ҳәм «төре» деген сөзлерди қысқартып, өзиниң фамилиясын ҳәм исмин Мурат Мухамедов,—деп өзгертип алған.

Москва қаласындағы Қарақалпақстан АССРы турақлы ўәкилханасының баслығы Атлаш Қәлменов өз нәўбетинде Дондағы Ростов медицина институтының директорына телеграмма жоллап, врач Пирмухамедовты Қарақалпақстанға қайтарыўын өтинди.[89] Усының нәтийжесинде биринши рентгенолог—врач Мурат Аскарович Мухамедов өзиниң туўылған үлкесине келип ислеп, мыңлаған жерлеслерин өлим қәўипинен аман сақлап қалды. Ҳәзир ол СССР дың ҳүрметли доноры, Ден саўлықты сақлаў отличниги, Өзбекстан ССРына мийнети сиңген врач ҳүрметли атақларына ийе.

Заманласларының еске түсириўлеринде Аллаяр Досназаровтың минез-қулқы, ең жақсы адамгершилик қәсийетлери, қайталанбайтуғын оригиналь характери айқын сәўлеленгенин көремиз.

Мәселен, мийнет ветераны Жумагүл апа Сеитова былайынша еске түсиреди: «1928-жылы Москвада Орта Азия республикалары ҳаял-қызларының кеңеси болып өтти. Бизлерди бир жатақханаға орналастырды. Ертеңине кеште мәжилистен қайтып келсем, қойған ор-

нында чемоданым жоқ. Қорқып кеттим. Қараўыл кемпир қолыма бир жапырақ қағаз усынды. Онда «Закийра Фахрутдиновна Ҳәкимова» деген жазыў бар екен. «Мине, усы ҳаял сениң затларыңды алып кетти. Келсе, ҳеш қайда кетпесин. Тағы қайтып келемен» —деди ол.

Кешикпей Закийра жеңгей жетип келди.

— Ағаң урысып атыр. Москвада бизиң үй турғанда, ол неге жатақханада қонады? Үйге келсин,—деди ағаң.

Ол қарақалпақшылығы басым адам еди. Ол дәўирде мен Орта Азия Коммунистлик университетинде оқыйтуғын едим.

— Оқы, айланайын, қарағым! Питкерип шыққаннан кейин екеўимиз Қарақалпақстанда бирге ислесемиз,—деди Аллаяр аға.[90]

Өзбекстан ССР халық артисти Төреш аға Алланазаров былайынша еске түсирди:

1934-жыл. Карточка системасы еди. Ҳәр адамға күнине 400 грамм нан береди. Соған қарамастан Аллаяр аға күтә қолы ашық, сақый адам еди. Бизлер Сейилбек Журынбаев, Ғаний Дошымовлар менен бирге барамыз. Ол ушып-қонып хызмет ететуғын еди. Аллаяр аға өзи төсекти салып, дәстурханды өзи таярлап, бизлер менен қосылып шай ишеди, жазылысып сөйлеседи. Сол себепли оны жақсы көремиз. Ол ўақытларда бизлер театр институтында студентпиз, ал Аллаяр аға Москвада бир үлкен мәкемеде басшы хызметкер болып ислейтуғын еди. Ол бизлерден ғәрезли болмаса да, жақсы сыйлайды. Қарабай Ерманов учпедгизде бөлим баслығы еди. Ол онша ыса бермейди. Аллаяр аға оны да гейкеўлеп, ҳәрекетке келтиреди ҳәм ол үйден де бизлерди тойдырып жиберетуғын еди. Аллаяр аға менен ушырасқан ҳәр күнимиз бизлер ушын бир қуўанышлы ўақыя болып сезилетуғын еди.[91]

Областьлық партия комитети республика мийнеткешлерине идеялық жақтан басшылық ететуғын орган болып, онда улыўма халықлық әҳмийетке ийе сиясий, хожалық мәселелери шешиледи. Сонлықтан гез келген адамның кирип кетип, обком секретарының ўақтын алыўына жол қойылмады. Қабыл етилген бул тәртип әсиресе шөлкемлестириў бюросының жуўаплы секретары Аллаяр Досназаров ислеп турған, сон-



дай-ақ Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилген дәслепки ўақытта қатаң сақланған. Москвалы атақлы илимпаз, филология илимлериниң докторы, профессор Н. А. Баскаков бул туўралы былайынша еске түсиреди:

— Мен РКП (б) Қарақалпақстан обкомына барғанымда жайдың алдында еки пулемет орнатылып қойылғанын ҳәм кирер аўызда винтовка асынған еки қызыл әскердиң гүзетте турғанын көрдим. Обком секретары Аллаяр Досназаров әскерий формада кийинип, белбеўине тапанша илдирип қойған екен. Мен оның кабинетине сескениңкиреп кирдим ҳәм арзымды қысқаша айттым. Ол мени жыллы жүзлилик пенен қабыл етти ҳәм асханада аўқатланыў ушын бизлерге талон берди жәнe ҳаялымыз екеўимизди жатақ жай менен тәмийинледи. Солай етип, Аллаяр Досназаровтың көрсеткен жәрдеминиң нәтийжесинде қарақалпақ халқының тили, этнографиясы бойынша материаллар жыйнаўға ҳәм тарийхый-үлке таныў музейин шөлкемлестириў жумысларына қызғын кирисип кеттик.[92]

Аллаяр Досназаров Қарақалпақстан автономиялы областының халық хожалығын жоқары мағлыўматлы маман кадрлар менен тәмийинлеў мәселесинде де айрықша итибар берди. Мәселен, республикамызда пионер шөлкемин дүзиўшилердиң бири Нуратдийин Сағитов бул туўралы былайынша еске түсиреди: — «Мен 1924-жылы Ташкент қаласындағы татар халық ағартыў институтын питкерип шыққан едим. Институт дирекциясы маған: «Москва қаласына жумысқа барасаң»,—деди, ал мениң туўылып өскен жерим Қарақалпақстанға қайтқым келди. Бул ойымды мен Аллаяр Досназаровқа айттым. Ол мениң бул пикиримди қоллап-қуўатлады.—Туўры аўылыңа қайт,—деди А. Досназаров, Автономиялы область атағын алғаннан кейин бизлер де Шымбайға барамыз. Қарақалпақстанда саўатлы адамлар оғада аз. Биз өзимиздиң күшимиз бенен ҳеш нәрсе ислей алмаймыз. Қарақалпақстанды гүлленген үлкеге айландырыўымыз ушын рус, татар, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысқан халықлардың жәрдем бериўи керек. Сен иним, келиншегиң Хадича менен бирге Қарақалпақстанға барып исле. Бизде қәнигели муғаллимлер жетиспей атыр», деп Аллаяр аға қолыма жоллама ҳәм жол қарежет берип Шымбайға жөнелтти. Ол ўақытта жол қатнасы оғада

қыйын еди. Бизлер Хадича екеўимиз Ташкенттен Аральскиге шекем поездда, Аральскиден Мойнаққа шекем пароходта келдик. Мойнақтан Даўыт көлге дейин қайық пенен келип, еплеп Шымбайға жеттик. Округлик атқарыў комитетиниң председатели Досымбет Қурбанаев мени қалалық мектепке муғаллим, келиншегим Хадичаны балалар үйине тәрбияшы қылып жумысқа қабыл етти. Солай етип, бизлер екеўимиз Шымбай қаласында бала оқыттық ҳәм туңғыш пионер шөлкемин дүздик. Арадан көп ўақыт өтпей Аллаяр Досназаров бизлерди Төрткүлге шақырып, телеграмма жиберди. Ол киси мени Қарақалпақстан областьлық халық ағартыў шақабына, Қасым Әўезовтың орынбасары қылып сайлады ҳәм «Халық ағартыў жумысларын жанландырсаң» деп тапсырма берди. Солай етип, бизлер Аллаяр Досназаровтың жол басшылығы астында Қарақалпақстанда туңғыш орта оқыў орынлары болған совет-партия мектеби, педагогикалық ҳәм аўыл хожалық техникумларын ашыў, улыўма билим беретуғын мектеплерди оқыў қураллары, методикалық көрсетпелер менен тәмийинлеў жумысларына қызғын кирисип кеттик. Сонлықтан мен Қарақалпақстанда билимлендириў исин шөлемлестириўде Аллаяр Досназаровтың атқарған хызмети уллы, деп есаплайман».[93]

Жуўмақлап айтқанда, заманласларының еске түсириўлеринде Аллаяр Досназровтың өмир ҳәм гүрес жолы, оның партиялық-мәмлекетлик хызметлериниң әҳмийетли айырым тәреплери, ең жақсы адамгершилик қәсийетлери менен қайталанбайтуғын жекке минез-қулқы дурыс сәўлеленгени гүмансыз. Бизиң ойымызша, туўысқанларының, бирге ислескен адамларының аўызша айтып берген бул мағлыўматлары архив документлерин тастыйықлайтуғын ҳәм толықтыратуғын исенимли қосымша материаллар ролин атқара алады .

## АЛЛАЯР ДОСНАЗАРОВ ҚАРАҚАЛПАҚ СОВЕТ ӘДЕБИЯТЫНДА

Файзулла Хожаев, Юлдаш Ахунбабаев, Қайғысыз Атабаев, Турар Рысқулов ҳәм Сәкен Сейфуллин сыяқлы атақлы мәмлекетлик ғайраткерлер туўралы Қазақстан ҳәм Орта Азия республикаларының әдебиятларында бир қанша көркем шығармалар дөретилди.



Усылардың ишинен Берди Кербабаевтың «Қайғысыз Атабай», Шерхан Муртазаевтың «Қызыл жебе», «Жулдызлы көпир», Х. Нуғман ҳәм А. Шарахмедовтың «Ата» усаған тарийхый романларын, Камил Яшенниң «Инқилаб таңы» драмасын, С. Талжановтың «Сейфуллланың Сәкени» атлы повестин айрықша атап көрсетип өтиўимиз керек .Себеби бул көркем шығармалар миллионлаған китап оқыўшылары менен тамашагөйлериниң жүрегинен жай таўып, улыўма союзлық көлемде жоқары баҳа алыўға ылайық болды. Билекке қарсы, қарақалпақ совет әдебиятында тарийхый искерлердиң өмири ҳәм гүрес жолларын бундай етип кең планда тереңирек сүўретлейтуғын көркем әдебият ҳәм сахналық шығармалар усы ўақытқа шекем дөретилмей киятыр. Усы жағдайға байланыслы Қарақалпақстанда туңғыш саналы рабочийлардың бири, Хорезм ойпатында жаңа жәмийетлик дүзимди орнатыўға белсене қатнасқан, пытыраңқы түрде жасап атырған қарақалпақ мийнеткешлериниң басын бириктирип, оларды бир пүтин социалистлик миллет қылып қәлиплестириўде ҳәм автономиялы областьқа жәмлестириўде тарийхта үлкен ерлик көрсеткен атақлы партиялық-мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаровтың өмириниң айырым эпизодларын сөз етиўге бағышланған Аяпберген шайырдың «Бола баслады» қосығы, И. Юсуповтың «Қарақалпақ ҳаққында сөз» (Октябрь поэмасы), Қ. Рахмановтың «Ел перзенти» телеспектакли, Т. Сейтжанов ҳәм А. Қайыповтың «Әрман жолында» видеофильми ҳаққында қысқаша тоқтаў менен шекленемиз.

Аяпберген Муўсаев «Бола баслады» қосығында қарақалпақ классикалық поэзиясындағы шежире ҳәм тәрийп жанрының сүўретлеў усылларынан шебер пайдаланады ҳәм алға раўажландырды. Ол халқымыздың тарийхындағы бир бурылыс дәўирин таңлап алып, жекке адамның тәғдирин, пүтин бир халықтың бир миллеттиң тәғдирин пүткил адамзаттың тәғдири менен байланыстырады. Шайыр усындай мақсет пенен бул шығармасында Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметин орнатыўда ҳәм беккемлеўде, автономиялы областьты дүзиўде айрықша хызмет көрсеткен жергиликли мәмлекетке ҳәм партиялық ғайраткерлердиң исмин ҳәм ерлигин көтериңки йош пенен жырлағанын төмендеги қатарлар менен тастыйықлайды.

Мәрт ғошшақ жигитлер ер арын излер
Ҳәр бири халқының сөзини сөзлер,
Қарақалпақтан шығып не бир гөззеллер,
Журт ушын жаныны жаға баслады.

Қарақалпақтың босқа қалған хабары,
Мәрт жигиттиң келер намысы-ары
Уғлы Досназардың Аллаҳыяры,
Мәскеў мәжилисине бара баслады.

Шығармада қаҳарманның исми ҳәм фамилиясы сол турысында өзгертилместен бериледи. Аллаяр Досназаровтың жоқары партиялық ҳәм ҳүкиметлик трибуналарда турып, қарақалпақ мийнеткешлериниң атынан шығып сөйлегенин бул мийнетимиздиң бурынғы бөлимлеринде кеңирек айтқан едик. Сол себепли бул жерде биз Аяпберген шайырдың қаҳарманның шешенлик уқыбы менен шөлкемлестириўшилик талантын тарийхый әпсана ҳәм халық қосықларының сүўретлеў қураллары тийкарында тәриплегенин атап өткимиз келеди.

Өз миллетим дейип қарақалпақты
Бир болсын деп аржақ пенен бер жақты
Данышпан нуқтадан—ҳасылы ырғақлы,
Улықларға қағаз сала баслады.

Бул бир жигит екен өзи айбатлы,
Сөйлеген сөзлери шекерден татлы.
«—Еркин қарақалпақ—мухтариятлы»,—
Деген сөз ҳәр жерден шыға баслады.

Аяпберген шайыр сүўретлеп отырған бул тарийхый ўақыя—Пүткил Россиялық Орайлық Атқарыў комитетиниң XI шақырық II сессиясының мәжилислери Кремльде, Андреев залында болып өтеди, Аллаяр Досназаровқа сессияның жетинши күни—1924-жылы 14-октябрьде нәўбет жетеди ҳәм ол мәжилиске пүткил союзлық ақсақал М. И. Калинин басшылық етеди. [94] Ал Аяпберген шайыр Аллаяр Досназаров көсемимиз В. И. Ленин менен ушырасқан деп есаплап ол екеўин тек әпсаналар менен ертеклерде ғана сүўретленетуғын әжайып сарайда сөйлестирип қойыпты.

Аспаныў-замийинниң еки арасында,
Рәсмий-нағыш барды бир парасында,
Жети қат жайының уша басында
Сондай жерде арзы сорай баслады.



Сол ўақта ашылды кеўилдиң гүли,
Сөз сөйледи адамзаттың бүлбили,
Бүлбилгоя кәби сайраған тили,
Барғанлар ҳайранда қала баслады.

В. И. Лениниң 1924-жылдың январында қайтыс болғаны мәлим. Олай болса, Аяпберген шайыр не ушын Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўин В. И. Лениниң хызметине тиккелей байланыстырып қойыпты? Бул сораўға автордың «Бола баслады» қосығын жазарда өзиниң алдына қойған идеялық-көркемлик ўазыйпасын нәзерде тутып, жуўап қайтарғанымыз мақул. Өйткени, шайыр көсемимиз В. И. Ленинди мәңги тири адам сыпатында бәрхама көз алдына елеслетеди:

Ленин еди жаҳанның ашылған гүли,
Сайрап турған адамзаттың бүлбили,
Өлди, деп айтыўға болмайды, тири
Орнында ким турса, өзи Лениниң.

Демек, Аяпберген шайыр 1924-жылы 14-октябрьде өткерилген мәжилиске В. И. Ленин басшылық етти, деп есаплайды. Бул—тарийхый ҳақыйқатлықты бурмалағанлық болып табылмайды. Өйткени, А. Мууўсаевтың «Бола баслады» қосығы архив документи емес, ол көркем шығарма. Сонлықтан ол конкрет бир күнниң ўақыясын сүўретлеў менен шекленбейди, ал пүткил бир дәўирдиң поэтикалық картинасын жуўмақластырып береди. Бул мийнетимиздиң биринши бөлиминде Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәселеси В. И. Лениниң тири ўақтында қызғын қолға алынғанын, Қарақалпақстан автономиялы областының дүзилиўи—бул Коммунистлик партияның әдил ленинлик миллет сиясатының салтанаты екенлигин айтқан едик. Қарақалпақстан мийнеткешлери бизлерге автономиялы область атағын В. И. Лениниң өзи берди, деп есаплады. Заманласларының Аллаяр Досназаров ҳаққындағы еске түсириўлеринен келтирейик: Егер Оразымбет Халмуратов: «Ол Лениниң тири ўақтында ушырасқан. Ол дәўирде В. И. Ленинди көрдим», дегени де үлкен әҳмийетке ийе еди. Бул В. И. Ленниниң уллылығының дәлийли»—деп айтқан болса, шымбайлы Хожанияз Аташов Аллаяр Досназаров пенен В. И. Ленинди еки мәртебе ушырастырады: «Ленин Чапаев дивизиясынан тири қалған қызыл әскерлерди қабыл етеди. Солар-

дың арасында қарақалпақ халқынан Аллаяр Досназаров та бар екен. Олар екинши мәртебе миллет мәселеси шешилген ўақытта тағы да гезлесипти. Ленин науқас екен. Мәжилиске ол емлеўши врачы менен келипти. Адамлар:—«Өзиңиз баслаған ис еди. Ең болмаса, тыңлап отырыңыз»,—деп өтинген екен деп мағлыўмат береди.[95] Ал Сейилбек Журынбаев:—Аллаяр аға Ленин менен ушырасқан. Ол «Бозатаў» қосығын атқарған. Сөйтип айтысып қарақалпақ автономиялы область атағын алған . «Этнография» деген китапта бул туўралы жазды, - деп бизлерди исендириўге ҳәрекет етеди.[96] Қулласы, Аллаяр Досназаров пенен В. И. Лениниң ушырасқаны ҳаққында ҳәрқыйлы аңыз-әпсаналар халық аўзында алпыс жылдан берли айтылып киятыр. Бизиң ойымызша, Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилген ўақытта бундай тарийхый әңгимелер көбирек дөретилген болыўы ҳәм мийнеткешлер массасының ой-сезимин айқын баянлаў ушын Аяпберген шайыр усындай аңыз-әпсаналардан пайдаланған болыўы итимал.

Заманласларының айтыўына қарағанда, Аяпберген Муўсаев Аллаяр Досназаровты жақсы билген. Оны өзиниң туўылып өскен жери—Қоңырат округинде ислеген ўақтында да көрген. Соның менен бирге шайыр ўақты-ўақты Шымбай районына да келип, той мерекелерде бет ашар айтқан ҳәм қысса оқыған, жаңа қосықларын дөреткен. Усындай себеплерден болса керек, Аллаяр Досназаровтың халық алдында шығып сөйлеген сөзлеринде қолланған гейпара теңеўлер Аяпберген шайырдың қосықларына тиккелей өтип кеткен. Мәселен, Жүмек аға Орынбаев былайынша еске түсиреди:—Шымбайда кишкене митинг болды. Адамлар жаптың ырашының төменинде, Аллаяр аға бийикте турып қысқаша сөз сөйледи:

— Халайықлар. Мен мына теректи жыға аламан ба?—деп сорады.

Адамлар жуўап бериўге батына алмады. Арадан көп ўақыт өткеннен кейин ғана Әсен дилмаш:

— Аллаяр қарағым, жыға алмайсаң, - деди.

— Олай болса, Совет ҳүкимети бул байтеректен де күшли. Арада айырым волость ҳәмелдарлар еле Совет ҳүкимети қулайды деп ойлап жүрген шығар, Бийкарға урынбасын олар. Совет ҳүкиметине хызмет етиңизлер. Түсиникли ме?



— Түсиникли,—деп жуўап қайтарды халық.

— Онда мени күтип шаршаған шығарсызлар қайта бериңизлер деп жуўап берди Аллаяр аға.[97]

Аяпберген шайырдың «Нәсийҳат» қосығынан үзинди келтирейик.

Ҳүкимет дегениң уллы бир дарақ,
Түби бир, шақасы кеткендур дарап,
Көрмесең билмейсең тил билен сорап.
Ҳәрким өзи көрип билмек керекдур.

Демек, Совет ҳүкиметиниң қүдиретлилигин сәўлелендиретуғын Уллы дарақ образы Аллаяр Досназаровтың шешенлик сөзи арқалы қарақалпақ совет әдебиятына өтти деп жуўмақлаўымызға болады. Бул салыстырыўлар Аяпберген шайыр «Нәсийҳат» қосығында А. Досназаровтың атын ашық айтпаса да, оның ҳәрекетин ҳәм терең мәнили сөзлерин ядында сақлағанын тастыйықлайды.

Аяпберген Муўсаевтың «Бола баслады» қосығында Аллаяр Досназаров пенен бирге Қарақалпақстанда Совет ҳүкиметин орнатыў ҳәм беккемлеў, әдебият ҳәм искусствоны раўажландырыўға салмақлы үлес қосқан белгили партиялық—мәмлекетлик ғайраткерлер Әбиў Қудабаев, Ибрайым Бекимбетов, Ораз Ерманов, Көптилеў Нурмухамедов, жазыўшылардан Сейфулғабит Мәжийтов ҳәм Әбдираман Өтеповлардың исми ҳүрмет пенен тилге алынады. Қарақалпақстан автономиялы областын шөлкемлестириўдеги олардың атқарған хызмети шығармада былайынша тәрипленеди:

Келген соң Төрткүлге тилгирам урды,
Таза тәртип етти, қурылтай қурды.
Ҳәр қайсысы бир истиң басында турды,
Пуқаралар мойынсына баслады.

Буннан кейинги қосық қатарларында Аяпберген шайыр Қоңырат округлик партия комитетиниң жуўаплы секретары Қуўат Сейтниязов, округлик атқарыў комитетиниң председатели Қоңыратбай Якупов, билимлендириў бөлиминиң баслығы Ҳәжетдийин Дәўқараев, финанс бөлиминиң баслығы Турдымурат Садықов, «Союзы қосшы» ның баслығы Қошай Абдуллаев, халық суды Мәжийит Мухашев, қалалық интернаттың хызметкери Халмурат Дошекеев, волостьлық атқарыў

комитетлериниң председательлери менен китап оқыўшыларын таныстырып өтеди:

Болыс ким—ким десең, айтайын атпа-ат,
Бириси—Марқабай, бири –Сейтмурат,
Бириси—Аманбай, Сейит, Халмурат.
Бири—Мойнақ болып кете баслады.

Булардың ҳәммеси тарийхта бар адамлар болып, шайыр олардың портретин тиккелей натурадан көширеди. Архив документлериниң тастыйықлаўы бойынша, 1924—1925-жылларда Қоңырат округинде 3265 хожалық болып, адам саны 13639 ға жеткен ҳәм олар 58 ақсақал менен 6 волостьқа бағынатуғын еди.[98] Талдық волостын Марқабай Баймурза улы Оразымбетов, Халық жап волостын Сейит Мырзаев, Ҳәким ата волостын Аманбай Шахаров, Мың жазған волостын Сейтмурат Палўаниязов, Соркөл волостын Халмурат Жийемуратов, Мойнақ волостын Серб Данил Савельевич Лукашевичлер басқарған. Аяпберген Муўсаевтың өзи Соркөл волостьлық атқарыў комитетиниң председатели Халмурат Жийемуратовтың орынбасары (муовини,) Сейит Суўпыниязов секретары (саркатиби) болып сайланады.[99]

Егер Аяпберген шайыр Аллаяр Досназаровты көсемимиз В. И. Лениниң Қарақалпақстанға жиберген исенимли ўәкили ,Совет ҳүкимети менен Коммунистлик партияның ленинлик әдил сиясатын булжытпай әмелге асырыўшы искер басшы сыпатында тәрийиплесе, жоқарыда атлары аталған жергиликли партия-совет хызметкерлери Аллаяр Досназаровтың исенимли қолқанатлары болды, деп орынлы түрде мақтайды. Совет ҳүкимети менен Коммунистлик партияның жасаған аталық ғамхорлығы, жергиликли басшы партия-совет хызметкерлериниң қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде ғана өзиниң азатлыққа шыққанын, қарақалпақ халқының басқа миллетлер қатарына қосылып, өз алдына отаў тигип, ықтыярлы область атағына ийе болғанын шын жүректен қуўатлап, Совет ҳүкиметине Қарақалпақстан мийнеткешлери атынан шексиз алғыслар айтады:

Наданлықтан аяқ астында қалған,
Жасасын ҳүкимет ядына алған,
Еркинлик эперип бизди босатқан
Ҳүкимет дәўлети арта баслады.



Жуўмақлап айтқанда, Аяпберген Муўсаев қарақалпақ совет әдебиятында Аллаяр Досназаровтың образын дөретиўге ҳәрекет еткен биринши шайыр болып, республиканың жәмийетшилигине кеңнен танылды.

Қарақалпақстан халық шайыры И. Юсуповтың «Қарақалпақ ҳаққында сөз» («Октябрь поэмасы») Аллаяр Досназаров ҳаққында жазылған шығармалардың арасында айрықша орынды ийелейди. Бул поэма Р. Қазакова ҳәм В. Савельевлер тәрепинен рус тилине аўдарылып, «Знамя» журналы ҳәм «Советская Каракалпакия» газетасында басылды және шайырдың жаңа топламларына енгизилди.[100] И. Юсуповтың «Қарақалпақ ҳаққында сөз» (Октябрь поэмасы») туўралы жергиликли ҳәм орайлық баспа сөзде бирқанша рецензия ҳәм мақалалар жарияланып, бул шығарма унамлы баҳа алыўға миясар болды.[101] Сонлықтан биз бул поэманың идеялық-көркемлик өзгешеликлерине кеңирек тоқтап отырмастан, шығарманың баслы қаҳарманларының бири болған Аллаяр Досназаров образының қалайынша жасалғанын қысқаша сөз етпекшимиз.

И. Юсуповтың «Қарақалпақ ҳаққында сөз» («Октябрь поэмасы)» ндағы Аллаяр Досназаров—бул тарийхта болған жекке бир адамның образы ғана емес, ал ол—сол дәўирдиң жуўмақланған типлик қаҳарманы. Сол себепли шайыр көркем образ жасаўдың нызамлылығына муўапық гейпара ўақыялардың ўақытын ямаса орнын алмастырған. Ал Дәўлет ғаррының айтып берген гүрриңиниң екинши бөлими—қарақалпақ халқының аўыз еки дөретпесиниң ең характерли үлгиси есапланады. Н. Шайдаков пенен А. Досназаровтың диалогинен үзинди оқыйық:

— Қайда болдың, сен, мәрдикарда?
Деп сорады ол Аллаярдан,
— Сызраньда... иследим депода,
Петербургтан қайттым қайтыўын.

Аллаяр Досназаров Хийўа ханының зинданында бирге жатқан Бабажан деген өзбек жигитине былайынша жуўап қайтарады:

— Қиятырып мен мәрдикардан,
Тап болдым хан нөкерлерине,

— «Бул—жансыз,—деп,—келген орыслардан»,—
Алып келди усы жерине,
Ханымыздың бул «сыйлығынан»,
Аман қалсақ, егер,—әмеким,
Қарақалпаққа енди бараман,
Жоқпа бир тартқандай темекиң?

Булардың ҳәммеси Аллаяр Досназаровтың жекке басынан кеширген турмыс ўақыялары емес. Усыларға қарап биз шайырды турмыс ҳақыйқатлығын бузды, деп айыплаўға ҳақымыз жоқ. Жоқарыда айтқанымыздай, И. Юсуповтың «Октябрь поэмасы»нда Аллаяр Досназаров—улыўмаластырылған дәўир қаҳарманы. Сонлықтан оның Сызраньда деподо ислегени, Петербургта рабочийлар ҳәрекетине белсене қатнасқаны, киятырып Хийўа ханының зинданында адам шыдамаслық дәрежеде азап-ақыретлер көргени—булардың ҳәммеси архив документлери арқалы тастыйықланбай-ақ қойсын, бәри бир бул жазыўшының турмыс ҳақыйқатлығын бурмалағаны болып есапланбайды. Өйткени, шайыр турмыста болған ҳәм болыўы мүмкин ўақыяларды сүўретлейди. Октябрь революциясына шекемги дәўирде Қарақалпақстан мийнеткешлериниң мәрдикарға барып ислегени, рус пролетариаты менен бирге революциялық гүреске қатнасқаны, ақ патшаның тюрьмасы менен Хийўа ханының зинданында жатып шексиз азапланыўға гириптар болғанлығы - бизлердиң ҳәммемизге мәлим. И. Юсупов «Октябрь поэмасы»нда Қарақалпақстан мийнеткешлериниң басынан кеширген усындай турмыс қыйыншылықларын бир жерге жәмлеп, оларды Аллаяр Досназаровтың басып өткен турмыс ҳәм гүрес жолы сыпатында сүўретлейди. Шайыр тарийхый шығармалар жазған А. Н. Толстой, Берди Кербабаев, Шерхан Муртазаевлар усап архив дәреклерин үйренбеген ҳәм оларды пайдаланбаған. Ол заманласларының Аллаяр Досназаров ҳаққында еске түсириўлерине тийкарланған ҳәм оларға өзиниң көркем ойын қосқан. «Октябрь поэма» сының усындай өзгешеликлерин биз Аллаяр Досназаровтың аўылласы - Дәўлет ғаррының айтып берген узақ гүрриңинен анық билиўимизге болады.

Ҳақыйқатында Аллаяр Досназаровтың қарақалпақ халқы алдында ислеген усындай ерлик ислери ел аўзында әпсана болып, алпыс жыл даўамында айтылып киятыр. Биз олардан айырым үлгилерди усы мийнетимиздиң «Аллаяр Досназаров заманласларының еске түсириўлеринде» атлы бөлиминде келтирген едик. Ал бул жерде тек бир жағдайды ғана ескертип өткенди мақул көрдик. Еске түсириўлердиң айырымларында Аллаяр Досназаровтың партиялық-мәмлекетлик хызметлери ҳеш қосымтасыз ҳалында дәлме-дәл сүўретленсе, ал базы биреўлеринде ертек формасында тәрипленгенин байқаймыз. Мийнеткешлер массасы Қарақалпақстанға автономиялы область атағын В. И. Лениниң өзи берди, деп исенгенин биз «Бола баслады» қосығын анализ еткен ўақытта айтып өткен едик. Усы эпизод Аллаяр Досназаров ҳаққында жазылған шығармалардың барлығында тәкирарланатуғын болғанлықтан, буны тағы да бир мәртебе еске түсириўимизге туўры келип тур. Дәўлет ғаррыны тыңлап көрейик:

Енди айтып берейин Сизге,
Қалайынша ол Ленинге барып,
Автономияны алып қайтқанын,
Қарақалпақша намаға салып,
Кремльде қосық айтқанын.

И. Юсуповтың сүўретлеўинше, Октябрь Социалистлик революциясы жеңиске ерискеннен кейин ҳәр бир халықтың ўәкиллери көсемимиз В. И. Ленинге келип, оннан миллий республика ямаса автономиялы область атағын алып қайтады. Енди нәўбет қарақалпақ халқының ўәкили Аллаяр Досназаровқа жетеди. Ол өз миллетиниң тилегин баянлап атырған ўақытта шовинистлик көз қарастағы бир адам сөзге шығып, қарақалпақларды миллет сыпатында танығысы келмейди:

Сөйледи жымыйып, жүзде нықабы.
«Қарақалпақ»—деген мәзи лақабы,
Қазақ, өзбек, түркмен яки қырғыздың,
Булар жүрген бир урыўдың шақабы.

Қыялы кемситиў, сөзи «ур-берди»,
Ҳәмме оны жақтырмаған түр берди,
— «Сиз не дейсиз?»—деди Ильич атамыз.
Аллаяр орнынан ушып түргелди:

— «Әдиўли көсемим, уллы данамыз,
Усындайдан сарсық болған санамыз,

Ағайиним көп екени тақыйқ сөз,
Бирақ, урыў емес, биз халық боламыз...

Әдиўли көсемим күн менен айым,
Бахтымызға саў болғайсаң илайым,
Ким усы қосықты айтып бере алса,
Мен сол елдиң бир урыўы-ақ болайын».

Заманласлары Аллаяр Досназаровтың Кремльдеги мәжилисте атқарған қосығы—қарақалпақ халқының миллий сонатасы болған Әжинияз шайырдың «Бозатаў» поэмасы еди, деп исендирмекши болады. Халық қосықлары қарақалпақ мийнеткешлеринин миллий ҳәм класслық көз карасларының қәлиплесиўинде ҳәм олардың бир миллет болып биригип, автономиялы область болып қуралыўында үлкен әҳмийетке ийе болғанлығын биз бурынғы изертлеўлеримизде кеңирек айтқан едик.[102] Енди бул мийнетимизде қарақалпақ халқы Аллаяр Досназаровқа не ушын қайта-қайта қосық айттыра береди?—деген сораўға жуўап қайтармақшымыз.

Заманласларының айтыўына қарағанда, Аллаярдың бабасы—Қораз өткир тилли, шешен адам болса, екинши бабасы Есим дуўтардың қулағына бүлбил қондыра билген атақлы сазенде болып, жатып атырып аяғы менен түрли наманы шерте алады екен. Аллаярдың өзи де отырыспаларда дуўтар шертип, қосықлар айтқан. Ол өзиниң туўысқанларында искусствоға сүйиўшилик сезимин тәрбиялаған. Мәселен, аталас иниси Қарақалпақстан АССР ына хызмет көрсеткен артист Ғаний Дошымовтың (ҳақыйқаты—Досымов. Досым ҳәм Досназар туўысқан адамлар.—Б. Қ.) белгили искусство ғайраткери болып жетилиўинде Аллаяр Досназаровтың роли уллы болды. Соңынан усы орталықтан Зияда ҳәм Тамара Дошымова усаған еки талантлы қосықшының өсип шығып, қарақалпақ миллий намаларының орайлық қалалардың концерт залларында шебер атқарылыўы Аллаяр Досназаров баслаған ийгиликли дәстүрдиң ҳәзирги ўақытта да табыслы даўам еттирилип атырғанын тастыйықлайды. Демек, Аллаяр Досназаров қарақалпақ халық қосықларының турмысты танытыўдағы ҳәм қайта өзгертиўдеги қүдиретли күшин дурыс аңғара билген және өзиниң докладлары менен шығып сөйлеген сөзлеринде көркем әдебият нусқаларынан орынлы жерлеринде пайдалана алған. Бизиң ойымызша, заманласларының Кремльдеги мәжилисте көсемимиз В. И. Ленинге Аллаяр Досназаров қарақалпақ халық қосықларын айтып берди, деп есаплаўының сыры – мине усылардан ибарат болыўы итимал.



Шайыр И. Юсупов қарақалпақ мийнеткешлери ойлап тапқан усындай мүмкиншиликлерди әдебий ҳақыйқатлық дәрежесине жеткере алған. Ҳақыйқатында да ҳәр бир халықтың психологиялық пишинин, ой-сезимлерин, миллий өзиншеликлерин айқын сәўлелендиретуғын халық қосықлары менен намалары болады. Әдебият пенен искусствоның бундай нусқаларын басқа миллетлердиң ўәкиллери сол халықтың өз перзентиндей қылып атқара алмаўы мүмкин. Усындай жағдайларды И. Юсупов туўысқан миллет ўәкиллериниң сөзи менен былайынша сүўретледи:

Сонда сөзге шықты өзбек өз ағам:
—«Бул қосықты айтыў қыйындур маған,
Түбим жақын, жерим жалғас, тил жақын,
Тарийхым, тағдирим тутасқан оған.

Сөз алды, ханалас қазақ ағайин:
— «Билмесем, бул әнди қәйтип салайын?
Түбим жақын, жақын бул менен,
Егизектей усап қалған шырайым».

Сонда сөзге шықты түркмен ғардашым,
— «Айтып билжек дәл,»—деп қасыды басын.
Айдымым ырғақлас, ғалым нағыслас,
Мен билемен буның ата-бабасын»

Мәжилисте рус, украин, қырғыз ҳәм басқа миллетлердиң ўәкиллери де қарақалпақ халқы ҳаққында ҳәм оның миллий қосықлары менен намалары ҳаққында усындай мазмундағы пикирлерин билдиреди:

Партияның әдил сиясат жолын,
Қуўатлап ҳәмме халық көтерди қолын.
— «Қарақалпаққа автономия берилсин»,—
Деп буйырды сонда данамыз Ленин.

Көсемимиз В. И. Лениниң тирисинде оның менен ушырасқан қарақалпақ миллетиниң ўәкилин ҳеш ким ҳеш қандай архив ямаса баспа сөз дәреклеринен таўып бере алмайды. Усыған қарамастан қарақалпақ ха-

лық шайырлары алпыс жылдан берли бизге автономиялы республика атағын В. И. Ленинниң өзи берди, деп жырлап киятыр. Бул – Қарақалпақстан мийнеткешлериниң В. И. Ленинге болған шексиз сүйиўшилигин, Коммунистлик партияның ленинлик әдил миллет сиясатының салтанатын шайырларымыздың реаль сәўлелендиргенин дәлиллейди.

Аллаяр Досназаровтың өмири ҳәм гүрес жолы қарақалпақ совет драматургиясында да көрсетиле баслады. Мәселен, драматург Кеңесбай Рахманов оның партиялық-мәмлекетлик хызметлери ҳаққында «Қарақалпақ перзенти» атлы бир актлы төрт картиналы музыкалы драма жазды. Бул пьеса Қараөзек районының ҳәўескер артистлери тәрепинен сахналастырылып, 1983-жылы Нөкис телевидениеси арқалы тамашагөйлердиң дыққатына усынылды ҳәм экранда «Ел перзенти» деген ат пенен көрсетилди. Бул телеспектакльде Аллаяр Досназаровтың өмириниң сегиз жыллық дәўири таңлап алынған ҳәм қаҳарманның класслық сана-сезиминиң қәлиплесиўи халқымыздың басынан кеширген тарийхый ўақыяларға байланыслы сүўретленеди.

Әпиўайы дийхан баласынан көрнекли жәмийетлик ғайраткер, бир миллеттиң сиясий басшысы дәрежесине өсип жетилиседи.

Тилекке қарсы, Қ. Рахмановтың «Қарақалпақ перзенти» атлы драмасында Аллаяр Досназаровтың жай рабочийдан саналы революционер болып қәлиплесиў өзгешелиги исенимли түрде көрсетилмеген. Пьеса күтә асығыслық пенен жазылып, қаҳарманлардың ҳәрекетлери сол дәўирдеги жергиликли жағдайларға сәйкес келе бермейди. Егер Қ. Рахманов кемпир-ғаррылардың диалогларында аўылдың сада дийханларына тән болған қанатлы сөзлерден шебер пайдаланған болса, Аллаяр Досназаровтың монологларында бундай тапқырлық жетисиңкиремейди, керисинше, онда жасандылық байқалып турады.

Сондай-ақ, «Қарақалпақ перзенти» атлы драмада 20-жылларға характерли болған дәўир қыйыншылықлары ҳәм оларды жеңиўде бас қаҳарман Аллаяр Досназаровтың халық массасын шөлкемлестириўшилик хызмети айқын сәўлеленбей қалады. Сол себепли Қ. Рахманов бул пьесасын қайтадан ислеп, А. Досназаровтың образын еледе жетилистириўи тийис.



Драматург Т. Сейтжанов пенен А. Қайыпов Қарақалпақстан АССР ҳәм областьлық партия шөлкеминиң дүзилгенининң 60 жыллық юбилейине бағышлап өзлеринин «Әрман жолында» атлы тарийхый видеофильминиң сценарийин жазды және онда Аллаяр Досназаровтың революциялық ҳәм партиялық хызметин кең планда сүўретлеўге ҳәрекет етти. Биз А. Досназаровтың өмир жолын ҳәм партиялық-мәмлекетлик хызметлерин изертлеўши илимпазлардың бири сыпатында бундай тарийхый видеофильмниң дөретилиўин ҳәм сахнаға шығарылып, «Қайғысыз Атабай», «Үлкен, бирақ қысқа өмир» (Юлдаш Ахунбабаев ҳаққында) ҳүжжетли кинофильмлери сыяқлы бул шығарманың да миллионлаған телетамашагөйлерге көрсетилиўин шын кеўилден қуўатлаған едик.

Тилекке қарсы, республика жәмийетшилигининң драматург Т. Сейтжанов пенен режиссер А. Қайыповтан күткен бундай үмити ҳақланбады. «Әрман жолында» тарийхый видеофильмининң дәслепки үш сериясы сүўретке алынса да, ол елеге шекем телетамашагөйлерге усынылмай қалды. Бунның тийкарғы себеби қаҳарманның басынан кеширген, бийкарлаўға болмайтуғын тарийхый ўақыялар менен шығарма авторларының өзлери ядынан ойлап қосқан екинши дәрежели турмыс эпизодларының араласып кетиўинен ибарат. Усының салдарынан, биринщиден, тарийхый видеофильмниң көлеми шеннен тыс узаққа созылса, екиншиден, керексиз детальлар қаҳарманның характерининң дурыс ашылыўына зыянын тийгизди.

Мәселен Аллаяр Досназаров «Әрман жолында» видеофильмининң биринши бөлиминде Гүландам деген қызға ашық болса, шығарманың екинши бөлиминде ол Зәкийраға үйленеди. Булардың биринщиси — драматургтиң өзи ядынан ойлап тапқан қаҳарманы болса, екиншиси—Зәкийра Фахрутдийиновна Ҳәкимова А. Досназаровтың некели ҳаялы болып табылады. Гүландам да Қ. Рахмановтың «Ел перзенти» атлы драмасындағы Гүлзар сыяқлы өзин-өзи өлтиреди. Айырмашылығы тек мынада: «Гүлзар Нурманның көзине қәпелимде күйик болмайын деп, өзин отқа атып, жанып кетеди» («Ел перзенти», 20-бет). Ал Атахан бай Аллаярды мәрдикарға жиберип, Гүландамды қатын үстине алады. Усыған арланып, қыз өзин суўға атып өлтиреди.

Қарақалпақ қызларының заман теңсизлигине наразылық ретинде өзин-өзи өлтириўи XIX әсир ҳәм XX әсирдиң дәслепки жылларында жекке-сийрек гезлескени менен, бундай трагедиялық ўақыялар революцияның өрлеў дәўири ушын онша характерли емес. Буның үстине профессионал революционерлердиң таңлап алған өмирлик жолдаслары оның менен бир мақсеттеги адам болып, турмыс қыйыншылықларына шыдай билиўи ҳәм өзиниң әрманына жетисиўи ушын аянбай гүресиўи керек еди. Әдебияттағы унамлы қаҳарманның алдына қойылатуғын усындай талапларға байланыслы Гүландам образы А. Досназаровтың характерин ашыўға ҳеш қандай жәрдем бермейди. Сол себепли муҳаббат мәселесин бир жерде—Зәкийра менен Аллаяр арасындағы сүйиўшилик қатнасларын сәўлелендириўдиң өзи жеткиликли.

Досназар: «—Ембергенди болса, болыс мәрдикарға жазып кетипти. Заманның түри болса, анаў»,—дейди Аллаярға («Әрман жолында», I-бөлим, 7-бет). Емберген—Досназардың ең кишкене улы, 1916-жылы ол 5—6 жасар бала еди. Аллаяр Досназаровтың туўысқанларының атлары кимлер екенлиги, жас өзгешеликлери толық анықланған. Сонлықтан драматурглар оларды өзинше өзгерте бериўине болмайды.

Егер Аллаяр Досназаровтың революцияға шекемги өмир жолын баянлайтуғын жазба дәреклер азырақ болса, Совет ҳүкимети жылларындағы партиялық-мәмлекетлик хызметлерин характерлейтуғын архив документлери, баспа сөз материаллары жеткиликли муғдарда табылады. Сол себепли драматург Т. Сейтжанов пенен А. Қайыпов «Әрман жолында» видеофильминиң сценарийин усындай исенимли дәреклер тийкарында қайтадан ислеўи, тарийхый ўақыяларға өзлери ядынан ойлап тапқан екинши дәрежели персонажларды қоса бермей, фильмниң көлемин әдеўир ықшамластырыўы керек еди.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ жазыўшыларынан Аяпберген Муўсаев «Бола баслады» қосығында, И. Юсупов «Қарақалпақ ҳаққында сөз» («Октябрь поэмасы») нда, К. Рахманов «Ел перзенти» драмасында, Т. Сейтжанов пенен А. Қайыпов «Әрман жолында» тарийхый видеофильминде белгили партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр Досназаровтың өмирин



ҳәм революциялық жолларын суўретлеўге ҳәрекет етти. Деген менен, бул шығармалар өзиниң жанрлық өзгешеликлери ҳәм авторлардың талантының дәрежесине байланыслы бул тарийхый искердиң атақлы революционер ҳәм бир милеттиң сиясий басшысы болып қалайынша өсип жетилискенин айқын көрсетип бере алмады. Сонлықтан қарақалпақ жазыўшылары А. Досназаровтың образын табыслы дөретиў ушын архив документлерин пухта үйрениўи, туўысқан миллетлер әдебиятларының тарийхый роман ҳәм драмалар жазыў тәжирийбесин өзлестириўи және қаҳарманлар жасап ҳәм ҳәрекет етип атырған орталықты жетик билиўи, персонажлардың диалогларында оларға болған миллий ҳәм индивидуаль айырмашылықларды шебер сәўлелендириўи керек.

## ЖУУМАҚЛАЎ СӨЗ ОРНЫНА

Аллаяр Досназаров—өз халқының, өз дәўириниң нағыз перзенти. Сонлықтан жүз мыңлаған қарақалпақ мийнеткешлерине тән болған турмыс қыйыншылықларын ол өз басынан кеширди. А. Досназаров жарлы дийхан семьясында туўылып өсти. Тоғыз жасынан баслап байлардың малын бақты, киси есигинде жалланбалы мийнет етти, пахта тазалаў заводында рабочий болды. Сөйтип жүрип, ол рус тилин өзлестирди және Россиядағы революциялық ҳәрекетлерден өз ўақтында хабардар болды. Бул жағдайлар өзи қатарлы қарақалпақ жасларына қарағанда Аллаяр Досназаровтың класслық сана-сезиминиң ертерек ояныўына ҳәм қәлиплесиўине унамлы тәсирин тийгизди. 1918-жылы 21-декабрьде жергиликли миллет ўәкиллеринен биринширлерден болып Коммунистлик партияның ағзалығына қабыл етилди ҳәм мийнеткешлер массасы арасында ленинлик идеяларды таратыўға белсене қатнасты. 1918—1921-жылларда А. Досназаров ҳәзирги Қарақалпақстан АССР, Хорезм ҳәм Ташаўыз областьларының территорияларын хан Жәнеўит бандаларынан тазартыўда айрықша мәртлик көрсетти. Усының менен бирге ол өзиниң шөлкемлестириўшилик уқыбы менен қураллас жолдаслары арасында кеңнен таныл-ды, өзи хызмет ислеп жүрген полкта қадағалаў комис-

сиясының председатели ўазыйпасын атқарды ҳәм Хорезм ҳәм Түркстан Компартияларының съездлерине делегат болып сайланды.

Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегараларды белгилеў мәҳәлинде Аллаяр Досназаровтың шөлкемлестириўшилик ҳәм шешенлик таланты айрықша әҳмийетке ийе болды. Ол пытыраңқы түрде жасап атырған қарақалпақ мийнеткешлериниң басларын қурастырып, бир административликсиясий орайға бириктириўде халқымыздың тарийхында теңи-тайы жоқ ерлик иследи. Коммунистлик партияның ленинлик әдил миллет сиясатын халық массасына дурыс түсиндирди ҳәм оны избе-изли әмелге асырды, жергиликли дин ийелери менен байлардың, миллий шовинистлердиң сырларын аяўсыз әшкара етти. Сол себепли Қарақалпақстан мийнеткешлери Аллаяр Досназаровты өзлериниң сиясий басшысы сыпатында кеңнен мойынлады ҳәм ол ғалаба халықлық сүйиўшиликке ийе болды. Коммунистлик партия менен Совет ҳүкиметиниң басшылары А. Досназаровты қарақалпақ миллетиниң ўәкили сыпатында таныП, жоқары партиялық ҳәм ҳүкимет трибуналарында турып, қарақалпақ халқы атынан шығып сөйлеўине ҳуқық берди.

Аллаяр Досназаров 20—30-жылларда-ақ дәўир қаҳарманынан көркем әдебият шығармаларының қаҳарманына айланып кетти. Қарақалпақ мийнеткешлери өзиниң сүйикли ўәкили ҳаққында көп санлы әпсаналар, қосықлар дөретти. Аўыз еки әдебиятымыздың бул унамлы дәстүрлерин ең дәслеп халық шайыры Аяпберген Муўсаев өзиниң «Бола баслады» қосығында қарақалпақ совет поэзиясына алып келип тутастырған болса, И. Юсупов «Қарақалпақ ҳаққында сөз» («Октябрь поэмасы» нда) тағы да алға раўажландырды. Қарақалпақ драматургларынан Қ. Рахманов «Ел перзенти» драмасында, Т. Сейтжанов ҳәм А. Қайыпов «Әрман жолында» киносценарийинде А. Досназаровтың образын жасаўға ҳәрекет етти. Тилекке қарсы, бул драмалық шығармалар тамашагөйлердиң бүгинги жоқары эстетикалық талапларына толық жуўап бере алмайды.

Биз бул китапшамызда архив ҳәм баспа сөз дереклери, заманласларының еске түсириўлери, қарақалпақ жазыўшыларының көркем шығармалары тийкарында атақлы партиялық ҳәм мәмлекетлик ғайраткер Аллаяр



Досназаровтың өмирин ҳәм шөлкемлестириўшилик хызметлерин сөз етиўди өз алдымызға мақсет қылып қойдық. Егер де китап оқыўшылары жоқарыда атап өтилген мәселелер бойынша қандай да бир жаңа мағлыўматларды оқыдық, деп ойлайтуғын болса, биз өз нәўбетимизде көп жыллар даўамында сарп еткен мийнетимиз босқа кетпеген екен, деп есаплаймыз.

## ЕСКЕРТИЎЛЕР

[1] «Аяпберген шайырдың «Бола баслады» қосығы ҳаққында» — «Совет Қарақалпақстаны», 1972-жыл, 15-апрель, №75 (10947); «Ол садық Ленинши еди»,—«Жас Ленинши», 1972-жыл, 12-май, №38 (4331); «Аллаяр Досназаров»—«Өзбек совет энциклопедиясы», Том II, Ташкент, 1974-жыл, Ради торжества революции»—«Советская Қаракалпакия», 1977-ж. 19-январь. №13 (11772); «Аллаяр Досназаров»,—«Мийнет байрағы», 1979-жыл, 23-январь, №10 (1300); «Халық бахыты ушын гүресшең»,—«Совет Қарақалпақстаны», 1979-жыл, 18-апрель. №74 (12743); «Әпиўайы дийхан баласы—жәмийетлик ғайраткер»,—«Нөкис университети 1984-жыл, 1-май, №17 (820); «Становление Қаракалпакской автономной области»,—«Советская Каракалпакия», 5-июль 1984-ж, №128 (13649), «Аллаяр Досназаров сөйлейди»)—«Әмиўдәрья», 1984-жыл, №8 ҳәм т. б.

[2] «История коммунистических организаций Средней Азии», Ташкент, 1967; «История Узбекской ССР» том III, Ташкент 1967; «Қарақалпақстан АССР ының тарийхы», Том II, Нөкис, 1977-жыл; Айымбетов Қ. Өткен күнлерден елеслер. Нөкис, 1972-жыл; Қосымбетов И. Қарақалпақ совет интеллигенциясы тарийхынан, Нөкис, 1970-жыл; Мухамедбердиев К. Б. Октябрь и воссоединение Қаракалпакстана, Нукус 1977; Алланиязов Б. «Шунқар» «Гүлистан» журналы, 1974-жыл, №10; Хасанов Қ. Алланиязов Б. «Партияның садық перзенти»—«Совет Қарақалпақстаны», 1981-жыл, 28-август, №163 (13332); Уббиниязов Ж. Қарақалпақстан XX-әсирдиң басларында, Нөкис, 1972-жыл; Ж. Уббиниязов, А. Пак. «Создание и укрепление областной партийной организации»—«Советская Каракалпакия» 16-ноябрь 1984-ж, №224 (13742).

[3] «Вестник воспитания» журналы, Москва, 1906-жыл, №1, 46-бет.

[4] **Элизе Реклю.** Земля и люди. Всеобщая география. том VI. Санкт—Петербург, 1892-ж. Екинши басылыўы, 327-б.

[5] **Ленин В. И.** Шығармаларының толық жыйнағы, 31-том, 487-бет, (төртинши басылыўы). Келеси цитаталар усыдан алынды.

[6] Декреты Советской власти. Сборник документов. I-том Москва, Госполитиздат 1957-ж, 39—41-бетлер.

[7]. Декреты Советской власти, I-том, 113—115-бетлер.

[8] **Ленин В. И.** 44-том, 146-б.

[9] **Ленин В. И.** 41-том, 435—436-бет.

[10]. **Ленин. В. И.** Орта Азия ҳәм Қазақстан ҳаққында. Нөкис. 1974-жыл 508-бет.

[11] **Ленин В. И.** 41-том, 153-бет.

[12] Образование и деятельность Коммунистической партии Туркестана. Летопись событий. (Часть вторая, 1917—1924-ж). Ташкент, 1986, 408-б.

[13]. История Узбекской ССР. Ташкент 1967, III—том, 386-б.

[14] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 92, 1. е. х. 7, 75-бет: л. 92, 9—1, е. х. д, 48-бет.

[15] Сонда, ф. 1. е. х. А, 18-бет.

[16] КПСС Башқуртстан обкомының партия архиви, ф. 122, 0.10 д. 233, 35-бет.

[17] **Байниязов Қ.**, Алланиязов Б. Ол садық ленишил еди.—«Жас Ленинши», 1972-жыл, 12-май, №88 (433).

[18] История Коммунистических организаций Средней Азии, Ташкент, 1967, 750-бет.

[19] **Ленин В. И.** Орта Азия ҳәм Қазақстан ҳаққында. Нөкис, 1974-жыл, 465—466-бетлер.

[20] Третий съезд Советов. Москва, Кремль, май 1925-г. Бюллетень №1,12—14, 16—17, 20—22-бетлер.

[21] «Правда» 21-декабрь 1935-ж, №350 (6598).

[22] Вторая сессия Всероссийского ЦИК XI созыва. Стенографический отчет. Москва, Кремль. 1924-ж. 313-б.

[23] Вторая сессия Всероссийского ЦИК XI созыва. Стенографический отчет. Москва, Кремль 1924, 322—323-бетлер.

[24] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13. 0,2, е. х 38—68-бетлер.

[25] «Правда», 1924-жыл, 25-ноябрь, №268.

[26] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, 0,2, е. х. 38, 12-бет.

[27] Сонда, 13, о. 2, е. х. 38, 35-бет.

[28] Қарақалпақстан Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, .. 2, е. х. 38, 36-бет.

[29] Сонда. ф. 13, о. 2. е, х. 21, 5—6-бетлер.

[30] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 13. 02. е. х. 14-бет.

[31] **Досумов. Я. М.** Очерки по истории ККАССР, Ташкент, 1960, 255-бет.

[32] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 12. с 3, е. х. 79, 32, 88 ҳәм 102-бетлер.,

[33] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, 0,2 ед. хр. 40, 49-бет; ф, 13 0.2. е. х. 46. 16 бет.



[34] Сонда, л. 13, 0, 2. е х. 39. 4-бет. «Советская степь» газетасы, 1928-жыл 31 июль саны.

[35] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 13, 0.2. е. х. 42, 2-бет.

[36] Вторая сессия Всероссийского ЦИК XI созыва, Москва, 1924, Стенографической отчет, 323-б.

[37] **Ленин В. И.** Шығармалары, 34-том, 149-бет.

[38] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 13, 0,2. е. х. 25, 16-бет.

[39] История Узбекской ССР, III-том, Ташкент, 1967, 413-бет.

[40] Советская степь», 1925-ж. 10-март № 390 (Қызыл-Орда).

[41] Советская степь», 1925-ж. 10-март № 390 (Қызыл-Орда).

[42] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 31, 0.1. е. х. 39,23—24-бетлер.

[43] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 13. 0,2 е. х. 38, 207-бет.

[44] **Байниязов. Қ.** «Туңғыш сабақлықларды ашқанда», «Совет Қарақалпақстаны», 1984-жыл, 24-октябрь.

[45] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 26. 1. 1. е. х. 263, 120-бет.

[46] КПСС Башқуртстан обкомының партия архиви, ф. 222, 0. 10, д. 233, 35-бет.

[47] Башқуртстан Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 108, 0. 2. д. 724. 11—12, 27—28—бетлер.

[48] Сонда, Ф. 108, 0. 2, д. 633, 84—88-бетлер.

[49] Сонда. Ф. 108, 0. 2, д. 633, 87—88-бетлер.

[50] Башқуртстан Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 108, 0, 2. Д. 633—89 б.

[51] Сонда. ф. 108, 0. 2, д. 11 18,49—бет. Ф. 108, 0. 2. д. 1119, 7, 9, 13-бет.

[52] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви. Ф. 50, 0. 1, е. х. 20, 184-бет.

[53] Сонда, Ф. 50, 0. 1, е. х. 20, 184-бет.

[54] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви Ф. 229, 0. 11. е. х. 53, 31-бет.

[55] Сонда, ф. 229, 0. 1, е. х. 53, 5-бет.

[56] «Революционный Восток», 1934, №6 (28), 173-б.

[57] «Революционный Восток», 1934, №6 (28), 174—175-бетлер.

[58] «Революционный Восток», 1934, №6 (28) 175-бет.

[59] Сонда. 176-бет.

[60] «Революционный Восток», 1934, №6 (28), 176—177-бетлер.

[61] Сонда. 177-бет.

[62] «Революционный Восток», 1934, №6 (28), 178-бет.

[63] Автордың дала жазыўлары. 1981-жыл 6-июнь, Қараөзек районы Калинин совхозы, Ленин бөлими, бригада 4.

[64] Дала жазыўлары, 1982-жыл, июнь, А. Досназаров совхозы, Жданов бөлими. бригада 3.

[65] Дала жазыўлары, 1967-жыл, август. Нөкис қаласы, Зеленая көшеси, жай №5.
[66] Дала жазыўлары, 1967—жыл, август, А Досназаров совхозы, Жданов бөлими, бригада №4.
[67] Дала жазыўлары, 1967-жыл, 1-август, Нөкис совхозы Куйбышев бөлими.
[68] **Байниязов Қ.** «Газетамыздың биринши редакторы»—«Совет Қарақалпақстаны», 1984-жыл 24-ноябрь.
[69] «Советская Каракалпакия», 1984-ж. 8-ноябрь, №215 (13786)
[70] «Советская степь», 31-июль 1928-жыл. Қызыл Орда: Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 13, 0. 2, е. х. 39,4-бет
[71] Дала жазыўлары, 1967-жыл 17-август, Нөкис қаласы Бердақ көшеси, жай №80.
[72] Дала жазыўлары, 1967-жыл, 17-август, Нөкис қаласы Бердақ көшеси №92.
[73] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, М. Горький көшеси,
[74] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы.
[75] Дала жазыўлары, 1969-жыл, 20-май, Қоңырат қаласы. Колхоз базары, базаркомның кеңсеси.
[76] Дала жазыўлары. Мойнақ қаласы, Красноармейская көшеси, жай №47, 1969-жыл, 12-февраль.
[77] Дала жазыўлары. Тахтакөпир қаласы. Қ. Маркс көшеси, жай номери қойылмаған, 1968-жыл 17-апрель.
[78] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Зеленая көшеси, жай №5 1967, август.
[79] Дала жазыўлары. Қараөзек районы, А. Досназров совхозы. Жданов бөлими, 4-бригада 1967-жыл, август.
[80] **Мууўсаев** *А.* Биринши май, Нөкис, 1980-жыл. 186-бет.
[81] Дала жазыўлары. Төрткүл қаласы, Низамий көшеси, жай 3 1982-жыл 27-декабрь.
[82] Дала жазыўлары. Мойнақ қаласы, Красноармейская көшеси, жай №47, 1969-жыл 12-февраль.
[83] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Бердақ көшеси, жай №94 1967-жыл, 17-август.
[84] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Октябрьдиң 40 жыллығы көшеси, жай №16, 1967-жыл.
[85] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Калинин көшеси, жай №9 көрсетилмеген, 1969-жыл, 31-январь.
[86] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Тельман көшеси, жай 26, 1969-жыл 24-февраль.
[87] ҚҚАССР Орайлық мәмлекетлик архиви. ф. 12. 0. 2. е, х. 351, 177-бет.
[88] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, Ф. 50. 0. 1. е. х. 79, 163 ҳәм 177-бетлер.
[89] Сонда, ф 50, 9. 1. е х 79 203-бет
[90] Автордың дала жазыўлары. 1986-жыл. Нөкис қаласы. Белинский көшеси, 21-жай.



[91] Автордың дала жазыўлары. 1986-жыл. Нөкис қаласы. Халқабад көшеси, жай №10.
[92] Автордың дала жазыўлары. 1983-жыл, 25-декабрь, Москва қаласы. Дм. Ульянов көшеси жай №14 б квартира 383.
[93] Дала жазыўлары. Нөкис қаласы, Бердақ көшеси. жай №81, 1969-жыл, 27-июль.
[94] «Известия» газетасы. 1924-ж. 15-октябрь, №236 (2271).
[95] Дала жазыўлары. 1967-жыл август Шымбай районы, «Шымбай» совхозы, Ленин бөлими, №4 бригада.
[96] Дала жазыўлары 1986-жыл, 7-декабрь. Тақыятас қаласы. Қурылысшылар көшеси, жай №19.
[97] Автордың дала жазыўлары. 1969-жыл. 30-январь Нөкис қаласы, Калинин көшеси, жай № жазылмаған.
[98] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 13 0,2, Е. х. 40. 16-бет.
[99] Қарақалпақстан АССР Орайлық мәмлекетлик архиви, ф. 12, о. 3 е. х. 73, 22 ҳәм 28-бетлер.
[100]. «Знамя», 1980, № 6 «Советская Қаракалпакия», 24, 27, 28, 29 май 1980-ж Юсупов И. Розы и полынь. Москва, Советский писатель 1981-ж.
[101] Мәмбетниязов Т. Дәўир ҳәм қаҳарман.—«Әмиўдәрья». 1981 № 7, Ефремов А. Поэзин взволнованные ритмы—«Советская Каракалпакия», 1981, 15 август, Мориц Ю.—«Право жить на земле—«Звезда Востока» 1981-ж. №11 Ешимбетов Р. Голос Каракалпакии,—«Правда Востока» 1983-ж 6-май.
[102] «Қосықтың күши»—«Жас Ленинши», 1975-жыл, 17-июнь: «Қосықтың күши.» Қарақалпақ поэзиясы бойынша изертлеўлер жыйнағы. Нөкис. 1977-жыл.

## МАЗМУНЫ


Кирисиў . . . . . 3
В. И. Ленин ҳәм Орта Азия республикаларында миллий-мәмлекетлик шегаралардың белгилениўи. . . . 7
Аллаяр Досназаровтың партиялық ҳәм мәмлекетлик хызмети . . . . . . 10
Аллаяр Досназаров—заманласларының еске түсириўлеринде. . . . . 44
Аллаяр Досназаров—қарақалпақ совет әдебиятында. 59
Жуўмақлаў сөз орнына . . . . . .73

На каракалпакском языке

Қырқбай Байниязов

АЛЛАЯР ДОСНАЗАРОВ.

Научно-биографический очерк

Издательство «Каракалпакстан»

Нукус—1987

Редакторы Тилеўов Г.
Художник Ещанова. О.
Худ. редакторы Рейпназаров К.
Тех редакторы Досжанова Ж.
Корректоры Махсудова Т.